ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№30 (23.188) ● 2016 гъэм мазаем (февралым) и 19, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ республикэм и языныкъуэ ухуэныгъэшхуэхэр зэфIэгъэкIыным теухуа зэIущIэ

Республикэм и языныкъуэ ухуэныгъэшхуэхэр зэфIэгъэкIыным теухуа зэIущIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ.

АБЫХЭМ ящыщ зыщ Налшык дащIыхь Магдалинэ Марие Равноапостольнэ Шихьым и христэн члисэр. Метр зэбгъуэнатIэ 1385-м иджыпсту къищIыкIыныгъэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI, къапэщылъщ Iэгъуэблагъэр зыхуэи хуагъэзэну. Зи пщэ къыдэхуэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ къалэн щащIащ объектыр 2016 гъэм и апэ кварталым ятыну.

ЗэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилактрэ РПЦ-м Пятигорскрэ Черкесскрэ я Епархиен и Налшык щIыналъэм я благочиннэ Бобылёв Валентинрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Бгы-лыжэ спорт

Камчаткэм къикIахэм я IутIыжт

Бгы-лыжэ спортымкIэ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я урысейпсо чемпионатым дыгъуасэ апэ медалхэр щагъэджэгуащ. Абы я кIэн нэхъ къыщикIащ Камчаткэм и лIыкIуэхэм.

ЧЕМПИОНАТым жыджэру щIидзащ икIи апэ медалхэр зыIэрыгъэзыгъэхьахэри наIуэ хъуащ. Апхуэдэу бгым псынщIэу къежэхьныммкIэ цIыхубзхэм я зэпеуэу Терскол жылагъуэм щекIуэкIам апэ увыпIэр щиубыдащ Камчаткэм щыщ Яковишинэ Евгение. Абы секунд 0,29-кIэ къыкIэрыхуащ Подмосковьем къикIа Голенковэ Валентинэ. Ещанэ хъуащ секунд никъуэкIэ дыщэ медаль къэзыхьар къызытежа Плешковэ Юлие. Ари Камчаткэм щыщщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы зэпеуэм Камчаткэ крайм и спортсменхэм фIы дыдэу зэрызыхуагъэхьэзырар. Дыщэ, жэз медалхэм къищынэмыщIауэ, а щIыналъэм къикIахэм яубыдащ етхуанэ, еханэ, еянэ увыпIэхэр.

ЦIыхубзхэм я зэхьэзэхуэм къыкIэлъыкIуэу Терскол щIыпIэм щекIуэкIащ а лIэужьыгъуэ дыдэмкIэ цIыхухъухэм я зэныкъуэкъуныгъэри. Абыхэм яйр зыхиубыдар къэралым и чемпионатракъым, атIэ лыжэ спортымкIэ дунейпсо федерацэм (FIS) и зэпеуэрщ. Ауэ мыбы щызыIэрагъэхьэ екъуIэныгъэхэр щIалэщIэхэм я зэпеуэм хабжэнут. Псори зэхэту кърихьэлIат спортсмен 46-рэ (хамэ къэралхэм щыщу 5 яхэту).

Къызэрэкъэм щытекIуэкIащ икIи щIалэщIэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэм и чемпион хъуащ Камчаткэм къикIа Кузнецов Иван. FIS-м и зэпеуэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къыщахьащ Бородайкин Артёмрэ Мягков Фёдоррэ. ТIури Мэзкуу щыщщ.

ЩIалэщIэхэм я зэхьэзэхуэм Кузнецовым къыщыкIэлъокIуэ Мягковымрэ мурманскдэс Круг Антонрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.



Яковишинэ Евгение



Кузнецов Иван

ГуфIэгъуэкIэ къызэIуах

Iащхьэмахуэ лъапэ къыщыхъэIуахащ бгы-лыжэ спортымкIэ Урысей чемпионат.

Абы и къызэгъэпэщакIуэщ Лъэпкъ бгы-лыжэ лигэр, КъБР-м Бгы-лыжэ спортымрэ спортымкIэ и федерацэр, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэр, Iуащхьэмахуэ районым и администрацэр. Зэхьэзэхуэр къыщыхъэIуахым кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, Урысейм Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ федерацэм и гъэзэщIакIуэ директор **Цыганов Валерийрэ** и президент **Мельников Леонидрэ**, Лъэпкъ бгы-лыжэ лигэм и лIыкIуэ **Гурьев Юрий**, «Курорты Северного Кавказа» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщI **Горчев Олег** сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ щIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныжмкIэ, спортсменхэр зэрыгъэщIыхунымкIэ, ахэр щапхъэкIэ зэгъэхъуэжэныкIэ, - къыхигъэщащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым. Ар хъуэхъуащ дэтхэнэ спортсменми зэфIэкI лъагэ къиргъэлъэгъуэну.

- КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий фIыщIэ хузощI сыт и лъэныкъуэкIи зэIуэпэщу дыдейпсо пщалъэм изагъэ мы зэхьэзэхуэр къызэрызэригъэпэщам папщIэ. Фи щIналъэм щыпсэуэхэм сохъуэхъу, мыпхуэдэ зэпеуэ дахэхэр дяпэкIи фиIэну, - жиIащ Мельников Леонид. Абы Олимп комитетым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхьылъ КъБР-м щIыхь зиIэ и тренер, бгы-лыжэ спорт школым иджыблагъэ и унафэщI ящIа Дадаев Эдуард иритыжащ.

Чемпионатым хэтащ къэралым и щIыналъэ 12-м, апхуэдэуи Словакием Къэзахъстэным къикIа спортсмени 100-м щIигъу. Ар екIуэкIынущ мазаем и 21 пщIондэ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

●КъБР-м и Парламентым

Езым и увыпIэ зыIыгъыж журнал

Пащты Борис журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн щIыхь тхылъыр ирет.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм зегъэужьынымкlэ, цIыхубэ хъибарегъащIэ Iуэхущlапlэхэмкlэ и комитетым и зи чэзу зэIущIэр триухуащ «Литературная Кабардино-Балкария» журналыр илъэс 25-рэ зэрырикъум.

ЮБИЛЕЙ пIалъэмкIэ журналым и лэжьакIуэхэм ехъуэхъури, комитетым и унафэщI **Пащты Борис** журналым и редакцэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иритащ. Апхуэдэу Парламентым и Унафэщl **Егоровэ Татьянэ** къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ журналым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**, зэпымыууэ журналым тхэ **Борэн Мадинэ**, редакцэм и къудамэм и унафэщI **Елевтеров Константин** сымэ.

«Журналым къызэринэкIащ лэжьыгъэ мытыншэхэмрэ IуэхушхуэхэмкIэ гъэнщIа илъэс 25-рэ икIи хуабжу гуапэщ езым и хъэтIымрэ и теплъэмрэ фIэмыкIуэду ар зэман нэхъ хьэлъэхэм къызэрикIыфар, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм езым хуэфащэн увыпIэ зэрыщиубыдар. Урысей Ипщэм а зы журналырщ урысыбзэкIэ къыщыдэкIыр», - къигъэлъэгъуащ Пащты Борис.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу КъБР-м и Парламентым и депутат **Кебеков Владимир** ЩIыхь тхылърэ сыхьэтрэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн иритащ. Апхуэдэу Литературэм и илъэсым хиубыдэу «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм и президиумым къызэригъэпэща литературэ конкурсым къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ НафIэдз Мухьэмэд, Щомахуэ Ашэмэз, Щомахуэ Залинэ, Щоджэнщ Iыкlу Еленэ, Жабоевэ Iэсият, Тохъутэмыщ Ленэ, Лукьянов Степан сымэ. Кебеков Владимир абыхэм творческэ екъуIэныгъэ инхэр яIэну, литературэ саугъэт нэхъ лъапIэ дыдэхэр дяпэкIэ къахьыну екъуэхъуащ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр Емуз Нинэ и хъуэхъу тхыгъэм.

ЗэIущIэм хэтахэр журналым и къекIуэкIыкIам щыгъуазэ ищIащ редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн. Абы къигъэлъэгъащ илъэс 25-м хъриубыдэу «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и къыдэкIыгъуэу 130-м нэблагъэ дунейм къызэрытехьам, а зэманым къриубыдэу автор минищым щIигъум я тхыгъэхэр абыхэм къызэрытехуам. Жанркlи зытепсэлъыхь Iуэхукlи зэщхьэщыкI тхыгъэхэр рубрикэ куэдым щIэту кьытрадзэ. Редакцэм гупытэшхуэ хуещI проззми, уэсми, публицистикэми, литературэ щIэныгъэми. Тхыгъэхэм къызэщIаубыдэ егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, узынщагъэм хъумэным я Iэнатlэхэр. Дунейм къытохьэ диным, жылагъуэ Iуэхуэм ятеуху тхыгъэхэр. Республикэм щыяпэу журналым къызэригъэпэщащ Жылагъуэ совет, гъэ къэс ят литературэ саугъэт, творческэ щIалэгъуалэ студие.

«ГурыIуэгъуэщ лэжьыгъэм ныкъуэсаныгъэ щхьэхуэхэри зэрыхэлъыр. Ауэ дэ фIыуэ къыдгуроIуэ нэхъ дыдэгугъын хуейуэ щыIэхэр. Нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ литературэ критикэ тэмэм зэтегъэуэвэныр. Апхуэдэу гугъуехь пыухыкIахэр пыщIащ республикэм и тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я IэдакъэщэкIхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыным. Пэжщ, дэ къызэдгъэпэщащ ди лъэпкъхэм я бзэхэмрэ урысыбзэмрэ зэкIэлъыIуэзэкIуэф зэдзэкIакIуэ гуп щIыкIу. Ауэ абыкIэ зэфIэкIыныкъым, кадрхэр гъэхьэзырыным гупытэ нэхъыбэ хуэтщIын хуейщ», - жиIащ Тхьэзэплъ Хьэсэн. Апхуэдэу абы къыхигъэщIхьэжкIащ журналым и редакцэм иджыблагъэ и унафэщI ящIа Дадаев Эдуард иритыжащ.

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым етIуанэ категорие зиIэ и редактор **Толгуров ТIэхьир** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэсауэ зы тхылъ-тхылъитI хуэдиз редакцэм дяпэкIэ къыдигъэкIыну, Интернет утыкум ихьэну, республикэм и щIыбкIи и цIэр щигъэIуну зэримурадыр.

Журналыр къызэрыщыхъум зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щIэ **Зумакулов Борис**, Гъуазджэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэралинститутым и кафедрэм и унафэщI **Щауэцыкlу Людмилэ**, усакIуэ, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт, «Щэху уэздыгъэ» литературэ студием и унафэщI **Таз Фатlимэ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и чэнджэщэгъуэ пажэ **Тау Пщыкъан**, нэгъуэщIхэри.

Депутатхэр, тхакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр зэчэнджэщащ зэрыщыту республикэм къыщыдэкI журнал псоми я зэфIэкIыр къэзытыныжкIэ лжьыпхъэхэм теухуауэ. Куэдым къалытащ абы и тиражыр нэхъыбэ щIын, ар розницэми щыщэн хуейуэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Налшык

Республикэм и щыхьэрыр зэрагъэдэхэнум хущIокъу

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Алэкъуей Арсен «Къалэ зеленхоз» МСДП-м иджыблагъэ зэIущIэ щиригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ и къудамэ Бэджыдэ Мухьэмэд, «Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмрэ я парк зэгухьэныгъэ» АУ-м, «Налшык зоопарк» МКУ-м я унафэщIхэу Хочуев Алий, Зэбэч Залым сымэ.

КъалIэ администрацэм и Iэтащхьэм предприятэм и псэуалъэшхуэр кIыпIлъыхьащ, удз гъэгъахэр щагъэкI комбинатым, теплицэхэм, гъэлъэгъуапIэ центрым, хадэхэм я щытыкIэр кIыпIщытащ. ДызыхуэкIуэ гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм щхьэантIагъэхэр зэрагъэтIысынум, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрыр зэрагъэщIэрэщIэнум, зэрагъэдэхэнум пыщIа Iуэхугъуэхэм зэхьэхьэм щытепсэлъыхьащ. Абы и лъэныкъуэкIэ предприятэм и IэщIагъэлIхэм лэжьыгъэшхуэ кIапэщытщ.

Мы зэманым Налшык жыгхэр щауэхъуэнщI, теплъафIэ ящI, зэран хъу къудамэхэр кIыпах. Псом хэмыдэу еджапIэхэм, сабий гъэсапIэхэм, светофорхэм япэгъунэгъу жыгхэм йогугъу.

Апхуэдэу удз дахэ хъэсэхэр зыхуэи хуагъаз, гъэIэпхъэнэхэр ягъэтIыс, газонхэр зэIуэпэщ ящI, зэрагъэпэщыж, къыдэжаехэр япщIэ, чыцэхэр аухъуэнщI. Теплицэхэм гъэIэпхъэнэхэр къыщагъэкI.

Роззхэр гъэтIысыным гулъытэшхуэ хуащI. Мы гъэм абыхэм я бжыгъэр мини 150-м нагъэсыну я мурадщи, и зэхуэдитIыр гъатхэм хасэнщ. Роззэ удз дахэ лIэужьыгъуэу 20-м щIигъу ягъэтIысынущ. Апхуэдэщ плъыжьыфэ-фIыцIафэхэр, плъыжьхэр, тхьэмбылыфэхэр, шейдзыфэ гибрид лъэпкъхэр, нэгъуэщIхэри. Къалэр щхьэжкIэплъыкIэу зэщIэблэн щхьэкIэ, удз дахэ зэмыфэгъу щыкIуэхэр кIэщIасэнурэ, гъэгъа хьэсэхэр абыхэмкIэ ягъэдэхэнущ. Ахэр егупуэу зэрахьэнущ, узхэмрэ хьэпIацIэхэмрэ щахъумэнущ.

Иужьрей зэманым утхэмрэ парк цIыкIуэмрэ роззэр щадыгъуу хуежьащ. ЩIыпIэ администрацэмрэ муниципальнэ декоративнэ предприятэмрэ къалэдэсхэр къыхураджэ къалэм и теплъэм хузсакъыну, апхуэдэ хабзэншагъэ ялэжьу гу лъатэмэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм хъыбар ирагъэщIэну.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Куэдкlэ нэхъ лъэщу

Рентген телескоп зэрыт спутник иутIыпщащ Япониеи.

Уафэм иIэ «кумб фIыщIэхэр» иджыныщ щылажьэм деж метр 14 и кIыхьагъыу зыхъжъыхъых Astro-H спутникым и кьалэныр. Абы папщIэ ар зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщащ.

Нэхъапэ Iуэкlи Японием апхуэдэ спутникитху узгум игъэтIысэтащ, ауэ иджырейр абыхэм нэхъ хуэдищэкIэ нэхъыфIщ. Ар нэхъри зыгъэпсэщыр рентген бзийхэм къаубыдэр зыхтыну Iэмэпсымиплl зэриIэрщ. Спутникыр нурыыхэу зымыдэ объектхэми якIэпльыпIльыфынущ, я щытыкIэр сыт и лъэныкъуэкIи къызэпкрихыу.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрыльитэмкIэ, дыкъэзыухъурейхь дунейм цIыхум и зэранкIэ къыщыхьу дызэхуэмей зэхъуэкIыныгъэхэм даэзэрыпэщIэтыфыну Iэмалхэр убзыхунымкIэ даIэпыкъуэгъу хъунущ спутникым къитыну хъыбархэр.

ХэпщIыкIыу хэхъуэнущ

Урысейм зыщызыплъыхьыну, зыщызыгъэпсэхуну хуейхэм я бжыгъэм гъэмахуэ дызыхуэкIуэм хэпщIыкIыу хэхъуэнущ.

НэгъуэщI къэралхэм щыщ туристхэу ди къэралым къызэрыкIуэну билетхэр къэзыщIэхуахэм я бжыгъэр процент 30-кIэ нэхъыбэ хъуащ. ГъэщIэгъуэныраши, дуней псом щыцIэрыIуэ тхыдэ фэеплъэр щыкуэдыкIей Москва, Санкт-Петербург къалэхэм я закъуэкъым туристхэм зрагъэлъагъуну зыщIэхъуэпсыр, атIэ Сыбырым и щIыпIэ тельыджэхэм дахьэхэри мащIэкъым. ЦIыхуkIуэпIэ хъуащ Байкал гуэлыр. Я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр Иркутск щагъэкIуэну хуейуэ билетхэр нэхъ пасэу къэзыщIэхуахэр, нэгъабэ елъытауэ, процент 99,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

НэгъуэщI къэралхэм къикIэм нэхъ къыхахуэм ящыщщ Новосибирск, Екатеринбург, Сочэ, Минеральные Воды къалэхэри. ХъущIэхэр нэхъыбэу къызыдекIынур Германие, США, Дание, Норвегие, Израиль, Инджылыз къэралхэрщ.

НОТЫ

♦**Джейхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Тыркумэным и къэрал ныпым и махуэщ**

♦**Къыргъызым и финанс полицэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**Армением щагъэлъапIэ тхылъхэр тыгъэ щIыным и махуэр**

♦**1837 гъэм** Лермонтов Михаил «УсакIуэм и лIэныгъэ» усэр, Пушкин Александр зэрауKIам теухуар, итхащ.

♦**1855 гъэм** синоптикхэм я апэ картэр дунейм кьытехьащ. Ар ищIат Париж дэт обсерваторэм и унафэщI, Нептун планетэр зэрыщыIэр къэзыхута астроном **Леверье Урбен**.

♦**1878 гъэм** макъ зыт Iэмэпсымэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патент ираташ США-м щыщ физик **Эдисон Томас**.

♦**1921 гъэм** «Труд» газетым - профсоюз зэгухьэныгъэхэм я союзпсо сонет нэхъыщхьэм и органым - и апэ номерыр къыдэкIащ.

♦**1926 гъэм** СССР-мрэ Сауд Хьэрып Пащтыхьыгъуэмрэ дипломатие хабзэхэмкIэ зэпыщIа хъуащ.

♦**1954 гъэм** Къырымыр Урысей Федерацэм хагъэкIри, Украинэм иратащ.

♦**1986 гъэм** СССР-м «Мир» станцыр хьэршым иутIыпщащ. Абы зэрыщIа илъэсипщIым щIигъум къриубыдэу станцым зыхьэблахъуурэ щылэжьащ къасуу 12-м щыщ космонавти 104-рэ.

♦Тхыдэдж, академик **Успенский Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокIу.

♦Композитор, уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхуб артист, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Антонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокIу.

♦Композитор, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и цIыхуб артист, Москва къэрал филармонием и унафэщI **Чайковский Александр** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхуб артист **Митяев Олег** и ныбжьыр илъэс 60 ирокIу.

♦Урысей дзюдоист, Олимп чемпион (2012), Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Галстян Арсен** и ныбжьыр илъэс 27-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-техьэ щыщытынущ, уэс къыщесынущ, махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щыIэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Лэжьыгъэу щыIэр зы нэдым ихуэркъым, щIэныгъэу щыIэр зы цIыхум ищIэркъым.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэдэжыкIакIуэхэ!

Мазаем и 21 пщIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ. МазипIым ди газетым и уасэр сом 559-рэ кIэпIейкIэ 92-рэщ.

Ди индексыр 51531

Коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэр дагъэкІын папщІэ зыхуеину ресурсхэм я уасэр тынымкІэ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм ятелъ кредитор щІыхуэм, ресурсхэр къызэщІэзыгъэуІуэ организацэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэр щыгъэзэщІэнымкІэ зыхуеину ресурсхэр къызэрагъэпэщын папщІэ гъэсынпхъэ энергетикэ ресурсхэм щІатамкІэ ятелъ кредитор щІыхуэм кІэлъыплъынымкІэ Правительствэм и комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэр дагъэкІын папщІэ зыхуеину ресурсхэм я уасэр тынымкІэ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм ятелъ кредитор щІыхуэм, ресурсхэр къызэщІэзыгъэуІуэ организацэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэр щыгъэзэщІэнымкІэ зыхуеину ресурсхэр къызэрагъэпэщын папщІэ гъэсынпхъэ энергетикэ ресурсхэм щІатамкІэ ятелъ кредитор щІыхуэм кІэлъыплъынымкІэ Правительствэм и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм щэкІуэгъуэм и 3-м къыдигъэкІа унафэ №251-ПП-мкІэ кьищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Правительствэм и комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Быф Б. Хь. - Экологие, технологие, атом кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Кавказ управленэм и унафэщІым и къудэзэр *(зэгурыІуаУ)*

КІэрэф М. А. - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУ)*

КІуантІэ А. С. - Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къудэзэм и кІалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр - къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУ)*

Пагуэ Ж. А. - Щэхуакіуэхэм я хуитынигъэхэм кьыщхьащыкьынымрэ цІыхум псэукІэ зэІуэпэщ иІэнымрэ я Іэнатіэм щыкІэпльпльынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУ)*

Текіушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУ)*;

ХьэщІэлі С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-хъэзыбж и палатэм и аудиторыр *(зэгурыІуаУ)*;

б) Правительствэм и комиссэм къыхэгъэкІыжын Ахъуэхъу Къ. М., Пэжь М. Хь. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

● Зэіущіэхэр

ЗэфІагъэкІахэр къыщапщытэж

Урысейм и МВД-м и Дзэлыкъуэ щыналъэ къудамэм и хэщІапІэм щекІуэкІащ полицэмрэ къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ я ветеранхэм я пщІэдзэ организацэм и илъэс зэІуэпІэ. Абы гъэ кІуам зэфІагъэкІахэр къыщапщытэжащ, апхуэдэу мы илъэсым къапэщытхэр щагъэбелджылащ.

ЩІЫНАЛЪЭ советым и тхьэмадэ Щоджэн Барэсбий и отчёт докладым къызэрыхигъэщамкІэ, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэд нэгъабэ зэфІахащ. Къапщтэмэ, хуэныкъуэ ветеранхэм зыщІагъэкъуащ, полицэм хыхьагъащІэхэм жьыдэру ядэлэжьащ, я Іэщ Іагъэм нэхъ тыншу хэзэгъэнымкІэ ядэІэпыкъуащ, нэхъыжьхэм кадекІуэкІ хабзэ нэхъыфІхэм хагъэгъуэзащ. Апхуэдэу ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ щІэх-щІэхыурэ яхуэзащ, дерс щхьэпэ яхуэхъуну гупсысэ узынышэхэм щІагъэдІуащ.

ОВД-мрэ ВВ-мрэ я ветеранхэм я республикэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Нартокъуэ Валерэ, Урысейм и МВД-м и Дзэлыкъуэ къудамэм и унафэщІ Вэрыл Мурат, нэгъуэщІхэми къагъэлъэгъуащ пащІэдзэ организацэр дапщащи щІэгъэкъуэнышхуэ зэрыхъур, щІэблэр гъэсэным, хэкупсэу къэгъэхъуным, хабзэм хуегъэджэным, щІэпхъаджагъэхэр къэхутэным хуэунэтІауэ куэдым зэрыхунэсыр икІи абы хэтхэм фІыщІэ хуащІащ.

ЗэІущІэм и кІэухым, зэхуэсахэм я Іэгуауэм щІэту, Щоджэн Барэсбий иратыжащ ОВД-хэмрэ къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ я ветеранхэм я Урысей Советым и фІыщІэ тхьылъыр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик

● Узыншагъэ

Хирургхэр Налшык щызэхуозэ

2015 гъэм гъатхэпэм и 3-м Налшык къалэ щекІуэкІынущ «Актуальные вопросы колопроктологии» Кавказ Ищхъэрэ щІэныгъэ-практикэ конференц.

- АБДОМИНАЛЬНЭ хирургием и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэмкІэ ди хирургхэм я Іэзагъэм хэгъэхьуэным теухуауэ мыр етІуанэ зэхуэхьэщ. Нэгъабэ и дыгъэгъазэ мазэм екІуэкІа конференцым грыжэм зэрелъэзэм щытепсэльыкІ, нобэ абы зи гугъу щащІа ІэмалышІэхэр къэдгъэсэбэпу операцэхэр идогъэкІуэкІ, сымаджэхэри арэзыщ, - желэ КъБР-м Узышащагъэ хъумэнымкІэ и министерствэм штатым хэмыт и хирург нэхъыщхьэ КъалэбатэРустам.

Мастер-классхэр ятынущ, лекцэхэм къеджэнущ а унэтІыныгъэмкІэ Урысейм и Іэщ Іагъэлі пажэхэу медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, профессор, Сеченовым и цІэр зрихьэу Москва дэт Ялъ медицинэ къэрал университетым колопроктологиемрэ малоинвазивнэ хирургиемкІэ и клиникэм и унафэщІ Царьков Пётрэ медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, Сеченовым и цІэр зэрихьэу Москва дэт Ялъ медицинэ къэрал университетым колопроктологиемрэ эндоскопие хирургиемкІэ и кафедрэм и доцент, Университет клиникэ сымаджэщ №2-м колопроктологиемкІэ и къудамэм и унафэщІ Кравченкэ Александрэ.

Зэхьхьэр къызэрагъэпэщ КъБР-м Узышащагъэ хъумэнымкІэ и министерствэм, Хирургхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм, «Колоректальнэ хирургхэм я урысей зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, Аруан район сымаджэщым, «Ростелеком»-м, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

Конференцым хэтхэм я нэкІэ зрагъэлъагъуфынущ Аруан район сымаджэщым и хирургхэм операцэ зэращІыр.

КъБР-м Узышагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм и щыналъэ Іуэхущ Іапі э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къет

2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иІа социально-экономикэ щытыкІэр

	2015 гъэм	2014 гъэм ельытауэ 2015 гъэм проценткІэ	2013 гъэм елъытауэ 2014 гъэм проценткІэ
Промышленностым и лэжьыгъэр	-	105,0	110,3
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, *сом мелуан*	38653,6	104,4	100,0
Автомобиль транспорткІэ хьэлъэу ягъэІэпэхъуар, *тонн-километр мелуан*	54,4	113,1	91,4
Розницэ сатур, *сом мелуан*	113493,9	95,5	103,6
Цыхьэхэм пщІэкІэ Іуэхутхъэбзэу хуащІар, *сом мелуан*	26175,3	100,5	105,9
«Хуэныгъэ» лэжьыгъэ лІэужьыгъуэкІэ зэфІагъэкІар, *сом мелуан*	11857,6	108,2	127,3
ПсэупІэ уиэу хъэзыр ящІар, *метр зэбгъуэзнатІэ мин*	375,0	114,2	112,9
Щэхуакіуэ уасэхэр зэрыхъуар, *процент*	-	115,3	108,5
Промышленностым и товархэр къыщІэзыгъэкІхэм яГъуэва уасэхэр, *процент*	-	115,9	103,0
Мазэм кьаІэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр *(ику иту зы цІыхум)*	18796,6	113,1	108,6
ИпэжьІпІэкІэ къыщІэкІым тещІыхьауэ ахъшэ хэхъуэр	-	98,0	102,0
Ику иту зы лэжьакІуэм хуатха мазэ лэжьапщІэр (хьэрычэт Іуэху мыин зезыхьэ Іэнатіэхэри хэту):	20238,2	-	-
номинальнэу, *сом*	-	103,7	107,6
ипэжьІпІэкІэ къыщІэкІым тещІыхьауэ		89,1	100,9
ПЪэхъэнэм и кІэм ирихьэлІэу Іэжьапі э ямыІэу официальнэу ятхахэм я бжыгъэр, *цІыху мин*	8,9	105,3	98,9

2016 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым **Статистикэмкі э и регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е я Іэнатіэ пыгъэщхьэхуХІаУэ 12587-рэ итащ.

Статистикэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитІым щІигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цІыхум езым и щхьэкІэ къыгъэзэбэп Іэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Іэнатіэм, сырьём елэжь Іэнатіэм, мэкъумэш хозяйствэм, щакІуэ Іуэхум, мэз хозяйствэм я Іэнатіэхэм, уху ныгъэм щыІащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъектэу 9508-р (учетым ита псоми я процент 75,5-р) унейщ.

2015 гъэм **промышленностым и продукцэр** 2014 гъэм елъытауэ процентэ 105-рэ мэхъу.

Промышленностым и зэфІэкІым щыхэхъуам и щхьэусыгъуэр сырьём елэжь Іэнатіэм хиубыдэ предприятэхэм къыщІагъэкІ продукцэр процентэ 9-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуарщ, хъугъуэфІыгъуэу щым къыщІахьым процент 20,7-кІэ зэрыхэхъуарщ.

Сырьём елэжь Іэнатіэхэм ящыщу 2015 гъэм къыщІагъэкІ продукцэм нэхъ нэрылъагъуу щыхэхъуахэм ящыщщ ерыскъыпхъэхэр, абыхэм псы зэмылІэужьыгъуэхэмрэ тутынымрэ хэту, къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэр (процент 41,4-кІэ). Продукцэ нэхъыбэ апхуэдэу яГъэхъэзыращ пхъэм елэжь, пхъэм къыхэщІыкІа продукцэ зыгъэхъэзырхэм (процентэ 7,9-кІэ), машинэхэмрэ оборудованэмрэ къыщІэзыгъэкІхэм (процент 16,5-кІэ).

Абы къыдэкІуэу нэрылъагъуу кІэрыхуащ фэуэ, фэм къыхэщІыкІа продукцэу, вакъэу ящІым, щІыдагъэхэкІхэм (хуэдэ 2,8-кІэ), хьэфэ, пластмассэ пкъыгъуэхэм (процент 33,9-кІэ), металлургиемрэ металлым къыхэщІыкІа хьэпшып хьэзырхэмрэ (процент 16,8-кІэ) транспортымрэ оборудованэмрэ (процентэ 1,9-кІэ), унэтІащІэхэр (процент 16-кІэ) нэхъ мащІэ хъуащ.

2014 гъэм елъытауэ 2015 гъэм кІэрыхуащ электрокъарууэ, хуабэ энергиеу (процент 13,8-кІэ) кьалэжьым.

2015 гъэм **«хуэныгъэ» Іэнатіэм ехьэлІауэ лэжьыгъэу** сом мелард 11,9-рэ и уасэ, е абы япэ ита гъэм елъытауэ процентэ 108,2-рэ ирагъэкІуэкІащ.

2015 гъэм республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ, уней ухуэныгъэхэри хэту, **псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 375,6-рэ кьикІыу фэтэр 2929-рэ хьэзыр ящІащ**. 2014 гъэм елъытауэ ар метр зэбгъуэзнатІэ мин 46,7-кІэ е процент 14,2-кІэ нэхъыбэщ. Кредитэр кьагъэсэбэпурэ, цІыхухэм езыхэм яахъшэкІэ псэупІэ метр зэбгъуэзнатІэ мини 341,9-рэ яухуащ. Ар нэгъабэ елъытауэ процент 14,6-кІэ нэхъыбэщ. ИрагъэкІуэкІа ухуэныгъэ псоми я процент 91,2-р унагъуэхэм езыхэм я мылъкукІэ ящІащ.

Къуажэхэм псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 89,2-рэ, республикэм щащІа псэупІэ псоми я процент 23,8-р, щаухуащ.

ПсэупІэ унэхэр хьэзыр щыныкІэ 2014 гъэм гъэІагъэкІахэм щхьэпрыкІащ Налшык кьалэ округыр, Бахъсэн, Май, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэр. 2014 гъэм псэупІэхэр тынымкІэ зэфІагъэкІауэ щытахэм къыкІэрыхуащ Прохладнэ, Бахъсэн кьалэ округхэр, Тэрч, Шэрэдж, Аруан, Шэджэм, Лэскэн муниципальнэ районхэр.

Мэкъумэш продукцэ хъэзылэжь псоми (мэкъумэш организацэхэм, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм, хьэрычэтыщІэхэм, унагъуэхэм) 2015 гъэм **мэкъумэшхэкІыу** сом мелард 38,7-рэ и уасэ е 2014 гъэм елъытауэ процентэ 104,4-рэ кьалэжьащ.

ХадэхэкІыу Іэрыхьэгъэхъуам и хьэкъкІэ 2014 гъэм елъытауэ ГъавэхэкІыу процентэ 5,3-кІэ нэхъыбэ, Іэшэ джэкъазу яГъэхъур нэхъыбэ зэращІам и хьэкъкІэ Іэщхэкі продукцэу процентэ 3,4-кІэ нэхъыбэ кьалэжьащ. Псори зэхэту мэкъумэш хозяйствэм и продукцэм щыщу ГъавэхэкІхэр процент 54,3-рэ, Іэщхэкіхэр процент 45,7-рэ мэхъу.

Республикэм **мэкъумэш** продукцэ къыщыщылэжь псоми 2015 гъэм **ГъавэУ, джэдхэкІыу, кІэрТІофу, хадэхэкІыу, пхъэщхьэмыщхьэУ, мэракІуэУ нэхъыбэ, сэхурану, Іусыпхъэу нэхъ мащІэ кІэрахьэлІащ**. Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм ГъавэУ, джэшхэкІыу, нартыхэУ (ягъэкъэбза ноужь зэрыхъум тещІыхьауэ) тонн мин 947,5-рэ е 2014 гъэм елъытауэ процентэ 101-рэ зэщІакъуэжащ. Гъавэм и нэхъыбапІэр (зэщІакъуэжа псоми я процент 67-р) зыгъэкІащ фермерхэмрэ щхьэзасэхъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэщ. Зытрасэ щыхэр зэрагъэмэщІам, и бэвагъми зэрыкІэрыхуэм кьыхэкІыу сэхурану зэщІакъуэжар процент 31,6-кІэ нэхъ мащІэщ. Абы и зэхуэдитІыр къезыхьэлІэжар мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэрщ. КІэрТІофу тонн мин 234,2-р е абы япэ ита илъэсым елъытауэ процентэ 3,9-кІэ нэхъыбэ кьабжащ. КІэрТІофым и процент 70-м нэблагъэ зыгъэкІар унагъуэхэрщ. ХадэхэкІыу кьрахьэлІэжар тонн мин 406,8-рэ мэхъу, ар 2014 гъэм елъытауэ процент 17-кІэ нэхъыбэщ. Хадэхэкі псоми я процент 37,5-р фермерхэмрэ щхьэзасэхъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ, процент 34-р унагъуэхэм кьрахьэлІащ.

2014 гъэм елъытауэ **Іэщри джэдкъазри** нэхъ мащІэ хъуащ икІи 2016 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми былыму мин 275,2-рэ (2015 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу мин 279,4-рэ яІащ), абыхэм ящыщу жэму мини 134,7-рэ (мини 137,2-рэ), кхъуэуэ мин 39,5-рэ (мин 41,3-рэ), мэлрэ бжэну мин 380,5-рэ (мин 388,8-рэ), джэдкъазу мелуани 3,8-рэ (мелуани 4) яІащ. Уней лъапсэхэм былым псоми я процент 70,4-р, кхъуэхэм я процентэ 10-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 56,5-р, и процент 43,8-р щалыгъащ. МэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэмрэ унагъуэхэмрэ былымым и процент 17,7-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 28,5-р, джэдкъазым и процент 21,4-р яГъэхъу.

Республикэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі э псоми лы пащІэу Іэщрэ джэдкъазу яГъэшхащ (зэрыпсэууэ шэчагъэ) тонн мин 105,1-рэ (2014 гъэм елъытауэ процентэ 106-рэ). Лыуэ къалэжьым къыхэхъуар къызыпэкІуар яуКІым папщІэ яГащхэ джэдкъазыр нэхъыбэ зэращІарщ икІи абы и хьэкъкІэ лым и процент 53,9-р къызэрызэрагъэпэщарщ. Гъэшу тонн мин 469,6-рэ (процентэ 101,7-рэ) кьашащ, джэдкІэу мелуани 189,1-рэ (процентэ 103,6-рэ) кьрахащ. Уней лъапсэхэм лым и процент 36,2-р, гъэшым и процент 70,6-р, джэдкІэм и процент 79-р, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ лым и процент 28,6-р, гъэшым и процент 17,4-р, джэдкІэм и процент 0,4-р кьалэжьащ.

Мэкъумэш организацэхэм зы жэмым хуэзэу икІи шэ килограмм 4518-рэ къыщІашащ, 2014 гъэм кьашауэ щыта килограмм 4700-м и пІэкІэ, джэд къэс джэдкІэу ику иту 241-рэ къыщІахащ (2014 гъэм - 225-рэ).

2016 гъэм и процентэ 14-м ирихьэлІэу Іэщыр мэкъумылэрэ Іусыпхъэкіэ къызэрызэгъэпэщар абы япэ ита илъэсым елъытауэ нэхъыфІу щытащ. Зы Іэщым тещІыхьауэ Іусыпхъэ центнер 9,9-рэ яІащ, блэкІа илъэсым яІа центнери 9,4-м и пІэкІэ.

2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и **хьэлъэзешэ автомобиль транспортым** (хьэрычэтыщІэхэм я хьэлъэзешэ транспортри хэту) хьэлъэу игъэІэпэхъащ тонн мелуан 1,4-рэ. Ар 2014 гъэм елъытауэ процент 2,1-кІэ нэхъыбэщ. Километр бжыгъэм тещІыхьауэ хьэлъэу псори зэхэту кьрашэкІар процент 13,1-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи тонн-километр мелуан 54,4-м нэсащ.

Илъэсым кьриубыдэу транспорт предприятэ псоми кьрашэкІащ **цІыху мелуан 54,5-рэ**, ар 2014 гъэм елъытауэ процент 11,7-кІэ нэхъыбэщ. Псоми кьаГъэсэбэп автомобиль транспортым и зэфІэкІыр процентэ 5,8-кІэ хэхъуащ икІи пассажир-километр мелуан 611,1-м нэсащ.

КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м кьызэритамкІэ, автомобиль гъэзэгухэм, жылагъуэхэм я урамхэм автотранспортым пыщІа щІэщхьэу 2015 гъэм 716-рэ кьыщыхъуащ, абыхэм ящыщу 59-м сабийхэр хэхуащ икІи цІыху 996-м фэбжьхэр щагъуэтащ. 2014 гъэм елъытауэ гъэзэгухэм къызэрыщыщІэщхьэхэр 59-кІэ е процентэ 7,6-кІэ, абыхэм фэбжь щызыгъуэтхэр процент 15,7-кІэ, (цІыхуи 154-рэ), хэкІуэдахэр процентэ 8,7-кІэ (цІыху 16-кІэ) нэхъ мащІэщ.

2015 гъэм республикэм и щэхуакІуэ рынокым щащІа **розницэ сатур** зэрыхъур 2014 гъэм елъытауэ процент 95,5-щ икІи псори зэхэту сом мелард 113,5-рэ и уасэщ. Ар кьызыхьэкІар ерыскъыпхъэхэри хьэпшыпхэри нэхъ лъапІэ зэрыхьурщ, къыщІэкІым тещІыхьауэ цІыхухэм къаІэрыхьэ хэхъуэм зэрыкІэрыхурщ.

ЕрыскъыхэкІыу, фадэрэ псыуэ, тутыну цІыхухэм яГъэщащ сом мелард 555-рэ и уасэ (нэгъабэ елъытауэ процент 98,6-рэ), ерыскъыпхъэхэм щымыщ хьэпшыпу сом мелард 58-рэ и уасэ (процент 92,7-рэ). Зы цІыхум тещІыхьауэ розницэ сатур 2015 гъэм ику мазэм сом мини 131,9-рэ мэхъу (2014 гъэм сом мини 116,5-рэ).

ПщІэ зыщІат Іэхэутхъэбзэу республикэм и цІыхухэм 2015 гъэм сом мелард 26,2-рэ и уасэ хуащІащ, 2014 гъэм елъытауэ ар процентэ 100,5-рэ мэхъу, Іэхэутхъэбзэхэм я уасэм процентэ 7,9-кІэ хэхъуа пэтми.

ПщІэкІэ цІыхухэм хуащІа Іэхэутхъэбзэхэм ящыщу связым и Іэхэутхъэбзэхэр процент 20,6-рэ, коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэр процент 27-рэ хъуэ щатащ. 2015 гъэм зы цІыхум хуэзэу сом мини 30,5-рэ и уасэ Іэхэутхъэбзэ хуащІащ (2014 гъэм - сом мини 28-рэ).

2014 гъэм елъытауэ 2015 гъэм **щэхуакІуэ уасэхэр** процентэ 115,3-рэ, абы щыщу ерыскъыпхъэхэм я уасэр процентэ 114-рэ, ерыскъыпхъэу щымыт хьэпшыпхэм я уасэр процентэ 118,1-рэ, Іэхэутхъэбзэхэм я уасэр процентэ 113-рэ хъуащ.

2015 гъэм кьриубыдэу **ерыскъыхэкІхэм ящыщу** нэрылъагъуу нэхъ лъапІэ хъуащ бжьыныхур - процент 88,6-кІэ, апельсинхэр - процент 63-кІэ, лимонхэр - процент 56,9-кІэ, бдзэжьей шыуар - процент 57,7-кІэ, бдзэжьей къаубыдагъащІэр - процент 43,2-кІэ, шоколадым кьыхэкІыщІа кІэнфетхэр - процент 38,4-кІэ, сэхуран дагъэр - процент 37,8-кІэ, хьэжьыгъэм кьыхэщІыкІа Іэфіыкіэхэр - процент 37,7-кІэ, кофер - процент 34-кІэ, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуахэр - процент - 33,6-кІэ, шоколадыр - процент 33,4-кІэ, маргариныр - процент 32,3-кІэ, шыгъур, шхынхэлъхьэхэр - процент 30,1-кІэ, дэр - процент 26,6-кІэ. Ику иту процент 21 - 25,4-кІэ нэхъ лъапІэ хъуащ макароныхэкІэр, горохымрэ джэшымрэ, бананхэр, былым тхьэмащІыгъур, прунж гъэкъэбзар, нащэ щІынэр, консервхэр, шейр. Ауэ абыхэм кьадэкІуэу, я уасэм кІэрыхуащ хадэхэкІ, пхъэщхьэмыщхьэ лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэм: кІэрТІофым - процент 22,6-кІэ, хъэбыстэм - процент 14,9-кІэ, бжьыныщхьэм - процентэ 6,4-кІэ. Нэхъ пуд ящІащ тхъуий (гречкэ) ужьгъар - процентэ 8,9-кІэ, кхъуэлыр - процентэ 6,1-кІэ, тхъуцІынэр - процентэ 6,2-кІэ.

Ерыскъыпхъэхэм химыбыдэ товархэм ящыщу я уасэхэм нэхъ хэпщІыкІыу хэхъуащ дыщэхэкІхэм - процент 56,3-кІэ, шоколакІуэхэр зэрытхэ, зэреджэ, канцелярскэ хьэпшыпхэм - процент 43,8-кІэ, печатным и продукцэм - процент 38,6-кІэ, зэрыджэгу сабий хьэпшыпхэм - процент 30,9-кІэ, зэрыжьыщІэ, зэрытхьэщІэ Іэмэпсымэхэм - процент 30,4-кІэ, парфюмер-косметикэ хьэпшыпхэм - процент 30,2-кІэ, щэхІэм - процент 25,1-кІэ (абыхэм ящыщу Іупхъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызыхащІыкІ щэкІэм - процент 48,3-кІэ, щыгъын щІагъщІэлъхэр къызыхащІыкІ щэкІэм - процент 28,7-кІэ), металлым къызыщІыкІа хьэкъущыкъумрэ унагъуэм къыщагъэсэбэп адрей хьэпшыпхэмрэ - процент 27,5-кІэ, ди къэралым щащІ автомобиль псынщІэхэм процент 26,1-кІэ, галантереем - процент 25,4-кІэ, тхьылымпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм - процент 24,4-кІэ, электрохэлъпхъэм - процент 20,2-кІэ. Ику иту процентэ 10,3 - 18,1-кІэ нэхъ лъапІэ ящІащ нэгъуэщІ къэралхэм къыщыщІагъэкІауэ щыта автомобиль тІорысхэр, щыгъыныр, щыгъын щІагъщІэлъыр, щэкІ зэІущам къыхэщІыкІа хьэпшыпхэр, бакъэр.

КъызэрабжамкІэ, я уасэм кІэрыхуащ: телевизорхэм - процентэ 7,4-кІэ, зи ныбжьыр зы илъэсым щІимыгъуа сабийхэм папщІэ комбинезонхэм - процентэ 4,8-кІэ.

Хущхъуэхэр ику иту процент 24,9-кІэ нэхъ лъапІэ хъуащ. Зи уасэхэм кІэлъыплъ хущхъуэ лІэужьыгъуэу 45-м ящыщу 10-м я уасэхэр процент 40-м щІигъуКІэ къаІэтащ (нэхъ лъапІэ дыдэ хъуаХэм ящыщщ тауриныр - хуэди 2,6-кІэ, ди къэралым къыщыщІагъэкІ анальгиныр - хуэдэ 1,8-кІэ, валокординыр, колдрексыр -хуэдэ 1,6-кІэ, диазолиныр, валидолыр - хуэдэ 1,5-кІэ.

Іуэхутхъэбзэхэм я лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, 2015 гъэм икъукІэ хагъэхъуащ студентхэр общежитым зэрыщІыпсэум и уасэм - хуэди 4-кІэ, нэхъыкІыр ирагъэкъутэжьын папщІэ судым игъэхьыну тхьылъыр юристым зэригъэхьэзырым и уасэм - хуэди 2,8-кІэ, унагъуэ Іуэхуэхэм теухуауэ юристым и чэнджэщхэм я уасэм - процент 85,6-кІэ, герб зытет мыхъуркІэ щІэгъэбыдэжа документ хъытрагъэзэжу ЗАГС-м и органхэм ясызэрыІаХым - процент 75-кІэ, цІыхухэм я мылъкуу щыт псэупІэр зехьэным, зэгъэпэщыжьным и уасэм - процент 71,6-кІэ, зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хиубыдэ псэупІэ унэхэр зехьэным пыщІа лэжьыгъэхэм я уасэм - процент 57,7-кІэ, автомобиль псынщІэхэр страховани зэрыхъгъэхьа полисым и уасэм - процент 48,7-кІэ, Тыркум зэрызыщагъэпэсэху уасэм - процент 51,6-кІэ, Испаниемрэ зэрызыщагъэпэсэху уасэм - процент 30,7-кІэ, щэхуакІуэхэм къыІах кредитхэм проценткІэ щхьэщатыкІым - процент 31,6-кІэ.

А псоми кьадэкІуэу, къызэрабжамкІэ, нэхъ мащІэ хъуащ псэупІэхэр щынагъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхъумэнымкІэ страховани и полисым и уасэр - процентэ 8,3-кІэ, зы пэш хъу фэтэрым и бдзэжьей уасэр - процентэ 7,6-кІэ, нэгъуэщІ щыналъэхэм кІуэ поезд псынщІэм и плацкарт вагоннымкІэ зекІуэным и уасэр - процентэ 2,3-кІэ.

ЦІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэм я уасэр 2015 гъэм и дыгъэгъазэ маузм и кІэухым ирихьэлІэу ику иту КъБР-м сом 3183-рэ щыхъуащ. 2015 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм елъытауэ абы процент 0,7-кІэ, 2014 гъэм и дыгъэгъазэм елъытауэ процентэ 6,5-кІэ хэхъуащ.

2015 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм и кІэухым ирихьэлІэу республикэм и организацэхэм (хьэрычэт Іуэхущ Іапі э мыинхэр, банкхэр, страховой Іуэхущ Іапі эхэр, бюджет Іуэхущ Іапі эхэр хэмыту) **кьалэн зыщащІыжьхэмкІэ щІыхуэу ятелъар** сом меларди 10,2-рэ е щІыхуэ псоми я процент 19,8-рэ хуэу я процентэ щытащ. Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа щІыхуэ псоми ящыщу нэхъыбэ дыдэ хъууэ щытар кредитыр щІыхуэрщ (процент 86,5-рэ).

Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа кредитор щІыхуэу 2015 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм и кІэухым сом меларди 8,8-рэ щыІащ. Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа кредитор щІыхуэ псоми я процент 61-р электрокъарур, газыр, псыр кьалэжьынымрэ тегуэшэнымрэ къызэзыгъэпэщ предприятэхэм ятелъа щІыхуэрщ.

Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа дебитор щІыхуэу 2015 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм и кІэм ирихьэлІэу сом меларди 6,3-рэ щыІащ. Зи пшыныжьыгъуэ пІалъэр икІа дебитор щІыхуэм и процент 77,5-р хурагъэша товархэм, хуащІа лэжьыгъэхэмрэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэу щэхуакІуэхэм кърамытыжакэрщ.

Ипэжьпі экІэ хъыщІэкІым тещІыхьауэ цІыхухэм кьаІэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр (фІэкІыпІэ зимыІэ платёжхэр хэгъэкІауэ икІи хъэпшыпхэмрэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я щэхуакІуэ уасэхэм зэрызахъуэжар кьалъытауэ) 2014 гъэм елъытауэ 2015 гъэм процентэ 2-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ икІи ику иту зы цІыхум хуэзэу сом 18796,6-рэ хъууэ кьабжащ.

Ику иту мазэм зы цІыхум хуатха номинальнэ улахуэр (хьэрычэт Іэнатіэ мыиным и Іуэхущ Іапі эхэри хэту) 2015 гъэм и щІышылэ - щэкІуэгъуэ мазэхэм, социальнэ ахъшэр хэмыту, сом 20238,2-рэ хъуащ икІи 2014 гъэм и и апхуэдэ гъэхъэзэм елъытауэ процентэ 3,7-кІэ хэхъуащ. ИпэжьпІэкІэ къыщІэкІым тещІыхьауэ цІыхухэм кьаІэрыхьэ лэжьапщІэм процентэ 10,9-рэ кІэрыхуащ.

2015 гъэм и щІышылэ - щэкІуэгъуэ мазэхэм финанс лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІ организацэхэм лэжьапщІэр щынэхъ лъагэ дыдэу, хъэщІэщхэмрэ ресторанхэмрэ я лэжьакІуэхэм я лэжьапщІэр нэхъ мащІэ дыдэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр лэжьапІэкІэ къызэзыгъэпэщ и организацэм ститІ зыгъэхъэзэ маузм и кІэухым ирихьэлІэу **лэжьапІэ ямыІэу** официальнэу цІыху мини 8,9-рэ щатхащ. ЗэрылэжьапІэншэм кьыхэкІыу ахъшэ кьратыну хуитыныгъэ яІащ цІыху мини 8,1-м.

КъБР-м ЦІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэрэпэщ щыныкІэ и къэралкомитетым и органхэм 2015 гъэм и фокІадэ маузм кьрирубыдэу цІыху лэжьапІэншэу 5,3-кІэ зыкъыхуагъэзащ, лэжьапІэ кьагъуэтыныкІэ ядэІэпыкъуну кьэлъытауэ. Абыхэм ящыщу цІыху 109-м лэжьапІэ (хэхъуэ кьызыпахын Іэнатіэ) кьагъуэтащ. 2014 гъэм и дыгъэгъазэм елъытауэ ар хуэди 3,6-кІэ нэхъыбэщ.

Роспотребнадзорым и Щ Іыналъэ управленэу КъБР-м щыІэм къызэритамкІэ, 2014 гъэм елъытауэ 2015 гъэм республикэм щыІэ **эпидемиологие щытыкІэм** и нагъыщІэ нэхъыщхьэу щытащ гриппэ зэуэІахэр хуэ

● ДифI догъэлъапIэ

Хьэлупэ Джэбрэйил пщэдей къыщалъхуа махуэщ. Ди редакцэм и лэжьакIуэ псори абы дохъуэхъу узынщагъэ иIэну, зыгъэгушхуэн, дерэжэгъуэ къезытын щымыщIэну.

Мы тхыгъэ теддзэр къытхуэзыхьар педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, Урыху къуажэм и курыт еджапIэм илъэс хуэмыдэжрэ ХьэцIыкIу Раещ. Абы лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ Хьэлупэ Джэбрэйил и усыгъэм теухуауи, дыщыгугъынщ зэман гъэнэгъуэм ар тхылъ щхьэхуэу къыдэкIыну.

Псом я нэхъапэр уи лъэпкъым хуэпщIарщ...

Адыгэ лъэпкъым къикIуа гъэугуанэр къыззэщIиубыдэрэ псэ-кхъуэзанэм щIигъэкIыу, абы щIэкIамрэ кьинамрэ зэпилъытыжрэ, дерэжэгъуэ къезытын щымыщIэну.

Мыгъэ зэрящытын хуеймрэ къыхихуа гупсысэр уэсбзэкIэ къэзыIуэтэжу къэгъуэгурыкIуэ усакIуэщ Хьэлупэ Джэбрэйил. Нобэрей уцыхущ, иджырей усакIуэщ, ауэ къызэпсыбзкIэ пыщIащ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизу къуплей ди Iуэрыпуатэм, гуфIэгъуэм ебзкI гуаузкIэ гъэнщIа ди тхыдэм и блэкIам, екIуэкI гъащIэм, акъыл жанкIэ хоплъэ ди къэкIуэнум. Iуэрыпуатэм и жьэгур иджыри мыужьыхыжа мафIэр дэлъу къыхуигъэнат абы и адэшхуэ ПащIэ Бэчмырзи, Джэбрэйил къыпхикъуэкIащ а жьэгум хуабэр зэрыщIхьумэн гуащIэ, акъыл, гупсысэ, щIэныгъэ, псалъэ. Абы хэпхъэжьын хуейщ зэрымакъамэтхыр, нарт пшынальэхэм льандэрэ усэ макъамэм еса, ар зи лъым къыхэна адыгэм и къуэ пэжу зэрыщытыр. ДощIыдгъуж хъунущ графикэ жыпхъэм иту и усэхэм Iэзэу сурэт зэрахуищIыкIыр. Лъэпкъ гъуэзджэм и теплъэ псори зи гущхьэм щызыгъафIэ, зи гупсысэм щызэпха ХьэIупэ Джэбрэйил, усакIуэфI диIэхэм яхэмыззэрыхьу, езым и псальэрэ и жьIэкIэрэ иIэжу адыгэ поэзием и жьантIэр къилэжьащ.

Усыгъэм и хабзэхэр тхэ псом я дежкIи зэхуэдэмри, усакIуэ къэс езым еижу дунейм щхьэхуэ кьеГэщI, гъащIэм, зэманым езыпх лъабжьэхэр иIэжу.

ХьэIупэр зыми езымыгъэщхь щытыкIэхэм ящыщщ и гупсысэкIэкIи, а гупсысэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэм гъащIэм щалэ мыхьэнэкIи, ахэр къызэриIуатэ бзэм и шэрыуагъкIи, усэбзэр нэхъ кьулей зыщIу щIэ IэмалхэмкIэ къэгъэсэбэпыкIэкIи усакIуэ зэфIэувааэ, и IуэхУ еплъыкIэ, и гъуаз иIэжу адыгэ поэзием къызэрыхьыар.

Жэщ макъамэ

Жэщ-гупсысэ сIэщIэщэщыр
Даущым зыщIеф...
СымыщIэжми сызыщыщыр,
Си бзэм щихъ сещIыф.

Уафэм къехыр щызгъэхьащIэ
Си фэм щIэхъуэпсыкI
Си псэм щыпсэ щызыхихщIэм,
ЩIым сыщхьэщосыкI.

Си гум къэкIыр къызэрыхъуэ
Щихъ нэщэнэр хэлъщ,
Жэщ гупсысэм щызэблэсхъуэ
Къысхелъхьэжыр хьэл.

Уеблэм тIэкIу сыIэл хэафIощIыр
(УкъамыщIэм - тынш!),
Зэми, пэжщ, цIэ лей къысфIащыр,
Ауэ псэм хуитыж
Псатхьэщ зыщIэр сэ зэпысщэр!
Си пкъым силъ щIэтыжщ!

УсакIуэм и щытыкIэ нэхъыщхьэр кьыхощ мы усэм - ар гупсысакIуэщ. И пшынальэр къыщежьэри щытынэхущ - уафэм. А тегъэщIапIитIыр ХьэIупэм и творчествэм и кIыхьагъкIэ ирагъэкIрокI.

УсакIуэм и гущхьэгъэсэным лъабжьэфI иIэщ: анитIым я хьыбар хьэлэмэтхэмрэ уэрэдхэмрэ, абыхэм зыщIагъэдэIуа Iущыгъэхэр, адэшхуэ Бэчмырзэ и хъуахуэ кьытрихьар, кьеджэф зэрыхъурэ Iэщ IэмыкIэ тхыльхэр, хэль набдзэгубдзапльагъ егъэлеямрэ пэжагъымрэ.

Гущэкъу уэрэд гуакIуэм
дыщIауплскIэ
Сабийм хуэдэу гугъэм
хэзгъэфIыкI
Си лъэпкъ хабзэм щадащIа
IупскIэ,
Къэсхъуэпсыфыр уафэм
и Iэрыкъщ.

Щхьэхуэу кьыжьIэпхъэщ псалъэм сакъыу зэрыхуущытыр:

Псалъэм и пщIэр, нэхъ мащIэху,
доуей.
Умыщ Iэхъэу Iумпlэр къэбгъэлалэм - Бэлыхь къыздихьынущ ямылейм.

Гу лъыботэ псалъэм хуищI пщIэмкIэ урыс усакIуэ цIэрыIуэ Цветаевэ Маринэ зэригъунэгъур. Абы жиIэгъат: «Сэ щыIэгъэр нэсауэ зэрызыхэсщIэр псалъэмкIэщ (сысеижымкIэ). УсакIуэм дежкIэ псалъэр мыльку щыIэм и лейщ. Псалъэхэм здыхэплъыхьым, усакIуэм кьелъыхъуэ купщIэ». ХьэIупэр кьигъэта купщIэм зэрыкуэнхъуеиншэр ибзыщIыкъым:

Макъамэ дыдэр щыстхкIэ усэу,
Згъэщтэн къысфощIыр сыпсчэм.

Гу лъмуытэнкIэ Iэмал имыIэу зы щытыкIэ яIэщ Джэбрэйил и усэхэм: хэт нэхъ мащIэу, хэт нэхъыбэу нэщхъеифэхэщ. Дауи, ар къызыхэкIыр гупсысабэу зэрыщытыр, куэд зэрызригъэзэхуэрщ.

Мы дунеишхуэр тIэкIу схуэзэв,
Сыт си гур къыщIикъуэзыр?
Е, гуауэм сищIу къаплъэнэф,
СфIэкIуэдыпа си гъуаз?

А гъуазэ нэзым къезблэкI
БлэкIар къысфIощI псэхэхьу...
Гукъабзэлъыхъуэу сызоплъэкI,
ЗгъэщIар зэпеузпсэхьу.

Си хадэм жьгыу щыхэссам
Къеуэсэпащ хьэпIащIэр...
Лыхъуныпщ Iэ зиIэу емыса
Гупсысэр къопщI шыбадзэу.

Сызэбэдзауэ пэтми ешх,
Ешх си псэр гъуанэпщIанэу!
Уэ пIащэ щIэту къошлыр уэшх,
Уэшх-уэс мэхъуж итIанэ.

Абы теухуауэ тэмэму жиIащ Кхъужь Мадинэ: «Дэтхэнэ цIыхуми нэхугъэ гуэр кьыпкърокI, ауэ ХьэIупэ Джэбрэйил и нур кьэухьыр нэщхъеифэщ. Си дежкIэ ар цIыху-Мазэщ. ЦIыху-Дыгъэкъым, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, Дыгъэр дахэ щхьэкIэ хуиту узригъэплъыркъым, и нэхум укъес, укъелыпщI, абы елъытауэ Мазэм къыбгъэдэкI дахагъэр нэхугъэри куэдкIэ нэхъ щабзщ, нэхъ узыIэпызышэщ. Ахэр хуэдэщ дыщэмрэ дыжьынымрэ зэбгъэпщэным». А нэщхъеикIэр кьыхэкIыу пIэрэ етхуанэ классым щыщIэсым пэжым и тетыгъуэр кьызэрысынур хьэкъыу пхыкIыу, илъэс пщIитхум щебэкъуами ар кьызэрымыхъуам:

Сэ сощIэ: къэкIуэнущ зэман,
Пэжагъыр щамыщIу ауан.
ИтIанэ сылIам сывмыгъей,
Сыт щхьэкIэ жьыпIэм, ар лейщ.

Дунейм кIэ имыIэу зехъуэж, поэзиеми кьеГэлъэгъуэ, кьыщIыу зэманым елъытауэ, гъащIэм и зэхэлъыкIэр, и плъыфэхэр, и фIыгъэмрэ и мыгъуэмрэ; нобэ пхъашэу лъэпкъым и пащхьэм кьиуа упщIэм и кьежьапIэр, лъабжьэ щищIамрэ щищIамрэ зэхегъэкIри, жуэапыр, кьэкIуэныр нэхъ зэIуэзэпэщ, зэтес зэрыхъуным телажьэу, ди пащхьэ имыгъэпщкIуу, зэми нэпс кьыщIэпхыу щыIэу. Ар зэлъытар кьытхуиIуатэ Iэухум адыгэ гъащIэм щиIэ мыхьэнэр аращ.

ГъащIэр зыгъэдахэ, щыз зыщIщ гурыщIэ кьабзэр. Пшынальэри (усыгъэр) макъамэри зи гум щызыгъафIэ ХьэIупэ Джэбрэйил дауэ блэкIынт а щытыкIэ телъыджэм... Гурыщ1эм и цIэ кьримыIуэу, поэтическэ гупсысэ нэху хэлъу, щIагъыбзэкIэ фIыуэ илъагъуэм епсалъэр тхыльхэр, хэль набдзэгубдзапльагъ егъэлеямрэ пэжагъымрэ.

Гущэкъу уэрэд гуакIуэм
дыщIауплскIэ
Сабийм хуэдэу гугъэм
хэзгъэфIыкI
Си лъэпкъ хабзэм щадащIа
IупскIэ,
Къэсхъуэпсыфыр уафэм
и Iэрыкъщ.

Щхьэхуэу кьыжьIэпхъэщ псалъэм сакъыу зэрыхуущытыр:

Псалъэм и пщIэр, нэхъ мащIэху,
доуей.
Умыщ Iэхъэу Iумпlэр къэбгъэлалэм -

Дахагъэу хэлъым
Уи псэм зыдилъэу,
Iэлъын пIэрыгъым
Гугъэ есшэжьIеу,
Зы дуней кIапэ
Зэ къыслъысащэрэт.

Е дыIущащэ,
Акъужьыр гущэу,
Зы нэхущ мыхъуми
Дыхэмыгъащэм -
ФIэсщын симыIэ
Къысхуэна гъащIэм.

Апхэздэу гукъинэ хъу, псэм дыхьэ, уздеджэм IэпкъльэпкъкIэ зыхэпщIэу тха лирическэ усэхэр и мащIэкъым ХьэIупэм. Псори и пIэм ирагъэувэжрэ жьыуигъэIэу, усэ кIэщIым хьдолъагъуэ лIыхъужьым гъащIэм и лъапIэныгъэу кьилъытэр, зыхьдегъащIэ а лъапIэныгъэхэр фIэмыкIуэду гъащIэм зэрыпхихар. Уэсэпс ткIуэпсыр дыгъэ нэбзийм зэмыфагъуу кьызэрызэщIигъаблэм ещхьу, псалъэ къэс езым и плъыфэкIэ зыкъыдегъэлъагъу. Усэ кIэщIым зы гъащIэрэ абы и хъыбарр иззгъащ зэпэдзыж псэлъэкIэм тету зэриухуам и фIыгъэкIэ:

- Пхуримыкъум сыт и
щхьэусыгъуэр?
- Лъагъуныгъащ.
- АтIэ жьIэт, сыт нэхъ
уи щIэщыгъуэ?
- Пщэдджыжь дыгъэ.
- Уи гукъинэм ихъумам
нэхъ лъапIэр?
- Лъагъуныгъащ.
- Сытымебгъэщхьынт
ар уэрэлъатэм?
- МафIэ лыгъэм!

Лъагъунытъэ - пщэдджыжь дыгъэ - мафIэ лыгъэ...

Усэбзэм гъащIэм и купщIэр, и мыхьэнэр, и нэбзий зэмыщхь къомыр кьыщIигъэлъагъуэфыр усакIуэм ар Iэзагъ хэлъу хэщыпыхьурэ кьызэрыхихырщ, я шэрыуагъ, я гъэIукIэ, я зэкIукIэ, гупсысэ нэхъыщхьэр зэрыпхагъэкI елъытауэ. Апхэздэу псалъэм и къагъэсэбэпыкIэм ткIийуэ зэрыбгъэдыхьэращ зытепсэлъыхь Iэхугъуэр зэхэтхыу, зыхэтщIэу, тлъагъуу, дигъэпIейтейуэ кьыщIехьулIэ - псалъэкIэ гъащIэм и сурэт ещIыф.

ХьэIупэм и адыгэбзэ къулейр зи фIыгъэр щысабийм ар кьаIурызылъхьа анитIырщ, зи псэлъэкIэ зэхиха гъунэгъу-къуажэгъуэхэр. Нобэми лъагъуныгъэм гумащIагъэри кьыхэщу игу кьеГэжькIыж щалъхуа, кьыщыхьуа Нартан, ГъукIэжьейкIэ зэджэ и хьэблэм дэса цIыху хьэлэмэтхэм я псэлъэкIэу, гушыIэкIэу щытар. А адыгэбзэ дахэр усэбзэ зэщIэпщIыпщIэ-зэтепщIыпщIыкIым хуэзыгъэзакIауэ, щIэныгъэмрэ набдзэгубдзэпльагъэмрэщ. И щIэныгъэм щыщщ усэ тхыкIэм и щхэхуэр дунейпсо поэзием «кьызэрыхилъагъуэкIар». Ауэ, зэрыжьIащIэ, нэгъуэщIхэм залищьжакъым. Iэмал щыIэхэр езым ихуэжа и усэ дунейм «щигъэIэжьащ».

Дуней хьэлэмэт кьытхуэзэIуех ХьэIупэ Джэбрэйил и пшынальэм, Iейри фIыри, гурыхьри гущкIыгъуэри щызэхэгъэкIауэ, дахагъэм жьантIэр щиIыгъыу, лъагъунытгъэм бжьыпгэр щиубыдауэ, цIыхугъэр щытепщэу. А дунейм зэ хьыхьар, акъыпрэ щIэныгъэрэ зыбгъэдэлъ гупсысакIуэ Iущ дэуэршэрауэ, нэхъыфI хъуауэ, езыр фIымэ, нэхъыфIыж хъуауэ кьыхэкIыжынущ.

ХЬЭIУПЭ Джэбрэйил

* * *

Хэт дыгъуасэщ, хэт кIэгъуасэщ,
Хэти нобэм къыркъей,
Хэт фIощIыжьыр пэж и гъуазэу,
Зым дэз хуелъыр адрейм.

Зым и хьэсэм зыр потIыхьыр,
Зым и Iыхьэр хьэм жьэдех,
Зэрыдохыр, хэт мэпыхьэ,
Уахыхьэныр - напэтехщ.

Тхыдэм шхыдэ иращIэкIри,
Жьэм кьжьдэкIыр кIэлъадзыж...
Дзажэжь гъуам и Iэфыр щIэкIрэ?
ЩыкIам щыкIейр къегъэпIэж!

ХьэжэIужэм и зэманщи,
Анэм Iэнэ иращэж!
Жэщым махуэр фIэауанщи
Дыгъэ щыIэу имыщIэж.

Щхьэтелхъуэншэ хъуа Iэужьым
И жьы дыджьм уи дзэр дош.
Дурэш куэд долIыхь акъужьи -
Зи лъэужьыр хъун тэрмэш.

Укъэушым - ужеижу,
ЖейкIэ гъащIэр епхьакIын?
ХьэкIэкхъуэкIэм уехъуэпсэжу
Уахыхьэжкгэ зэфIэкIын?

Ауэ щыхъукIи сызэплъыжым -
Си лъэмыжым щIэж псыр гъуащ,
Е согъуащэ, е сылIыжкъым,
Е пщIыхь Iей пIэщхьагъ схуэхъуащ.

* * *

Уэ пхуэдэ хьэщIэщ слъэгъуакъым,
дунеижь,
Ижьыр уи сэмэгущи, сэмэгур
уи ижьщ.
Аргуажьэм и пхъашэр шхыIэн
кьытхубощI,
ЩIыIэм я нэхъ ябгэр щопсыкыр
уи бом.
Убейми, убэнщи, жэщыр уи лъэпагъщ,
Погъэщ щыму псори - псэ зыIутыр
магъ.
Гъищэ зыгъэщIари пхуэмыщI арэзы,
Зобыршэ, итIани нэм кьыфIэщIыр
зыщ:
Уэ пхуэдэ хьэщIэщ щымыIэу, дунеижь,
Гуарцэжь дэп жьэражьэу, жьыбгъэр
зи Iэужь.
Мажьэбз бгъэIурыщIэм
гъащIэм дыхежьыкI...
«ЖьыкIэфэкIэ» фIощри, фащэ хужь
ходыкI.
Дыджщи уи кIэухыр, уэхыр
уи лъэужьщ,
Жьыбгъэ фий щытепщэм щымыIэ
акъужь.
Дожьэ дэ итIани зы хъуэпсапIэ гуэр,
Гум IэфIу кIихъуэпсхэм ди псэри
докIуэр.
Зыгуэри щымыIэ «абы» кьикIыжа,
Уи деж щыхьэщIэну къэзыгъэзэжа...
Жьыт-тIэ итIанэ, хэт ищIын си фIэщ,
Дыбдэущми мыщэу, хъун кьыпфIащ
хьэщIэщ!?

ВагъуэкIэху

Сэ си вагъуэр ауэ вагъуэт!
Сэ си вагъуэр - ВагъуэкIэхут.
Махуэ нэхуми плъагъурт фагъуэу,
ВагъуэкIэхур сэ си щэхут.

Нэхут си гъащIэри, щIэращIэт,
ЩIыри псыри - псори нэхут.
Сыхуэпащ1эу сыгумащIэт,
ФIыщIэ хуэсщIти - псэри псэхут.

Сэ дыгъэпскIэ сыудафэу
Уафэр плъапIэ сымыщIат!..
ЩIыIэр щыбэм, хуабэр згъафIэу,
ФIыкIэ гугъэр зэIущат.

Жэщыр щымти, даущ макъыр
Кьыр зэхуакум щыжеижт.
Ижмэ вагъуэ - дыгъэр магъыр...
Гъей кьыздишэу егъэиж.

Вагъуэижщи блэж си гъащIэр,
«ЩIым дыркъуэщIэ тырищIэнщ...»
СощIэр, псэкIэ схуэгумащIэм
МащIэ нэпс схуэзпищэн!?

ЗыпищIэнщи ВагъуэкIэхум,
Нэхур пыхуу лъэтэжьнщ.
Жьыжьэнэсрэ и псэр псэхум -
Хуэму сщIар кьихутэжьнщ.

Гъатхэ нэхущ

Тхь. З. деж

Жэщ мазэхэм гур сIэпихми,
Схуэгумахэу махуэр, мес,
И нэс-кьэсыр щызэрихым,
Сыдахьэхыр и бзий кьэс.

Хуэсакъыпэу кьыхсхуэупсэ
Уэсэпс псыпсыр допIэнкIей.
ПкIатэ-лъатэу пситі зоIуэ,
Псэху зимыIэ кIейр докIей.

КьыщопIэнкIри вагъуэр хьэршым, -
Шэ тхъурымбэу пшэр тырех.

Мес, зыхеш зэхэпхыу къуршым,
Къэуш гъащIэм зыкъырех.
ХекIутэжыр вагъуэр вагъэм,
Гъэм и жьIэу тыресэж.
Сэтэней хъужынущ гъагъэм!
Гъатхэм гъащIэр зохъуэпсэж...

* * *

Зэм щыблэ хъуахуэу,
Зэм шылэку дыгъэу
Зы гугъэ гуэрым сызэпхелыкI...
Зэм сыкъонэхури,
Кьыспохур уагъэ, -
А уагъэм гугъэр джэгуу хедыкI.

Хидыкl-хищыкIым
Кьыщопкl зы кьафи
Мо уафэ лъащIэм гущIэр ирепх!
Щырепхъ жылакIэу
Макъамэр уафэм,
Тафэр кьэхъуапсэм - дыгъэпс ирепхъ.

Зыр зым кIэлъыпхъуэу
Къэсхъуэпс мэскъалхэр
Зорыхэлыкlыу сохъ си дунейр.
Зэми нэщыпхъуэ
Щlыхь-губгъуэм сиплъэм
Сыкъалъхъужыну сфIощIыр тIэуней!

Содыхьэшхыр, хэузыкIым си гур,
Содыхьэшхыр, кьыщIыгъагъм щIыгур,
Содыхьэшхыр, дуней псор
щыукъхьуэм,
Содыхьэшх, гукъеуэр
кIэщIэзгъакъуэу...

Сыдыхьэшхыу сабий сыIуплъамэ,
Е зэхэсхыу «мамэ» жиIэу джамэ,
Схуэмыхъу джанэу зыщIэзох
дыхьэшхри
Хызодыкl, хьэрш лъагъуэхэр
зэхуэсшэу.

Къру гъыбзэ

Бэлыхь гуэр хэслъагъуэркъым мы
Iуэхум...
Си псэм щIыхуэ телъхэм урабынт.
Уи бынжэпэр, сощIэж, щыпызгъэхуэм
КъысфIэщIыжт гупсэхуу усхуэпIын.

Бын зи мащIэм сщIэжкъым
сехъуэпсауэ!
Зы гъатхэпэ уэрэд птыралъхуэж...
Махуи жэщи кьэхъут
къыщепсэпсауэ...
Гугъэм фезупсейти - псэр фи пэшт.

А пэш дахэм ВагъуэхэрТ щызгъаблэр!
Щызэблэсх фи фащэр дыжьынкэкIт.
ФызэблэкIыу, гупсысэр къыщеблым,
Бжаблэм фитти - слъэмыкI куэди
слъэкIт.

Гъатхэпежьэ уэрэдым и жьауэр
Ныбжь къыпфIощIу зэм
ухуеплъэкIыжт.
Сэрат зыщIэр пэжыр птеухуауэ,
А уэрэдым и пкъыр къыпхэкIыжт.

СфIаукIа уэрэдым, аддэ пасэу,
И псэр ноби пхуещIыр кIэрыщIэн...
Къысхуэгъэгъу, си усэ, уэ уи уасэр
НэгъуэщIыпсэм дауэ зыхищIэн?..

* * *

Нобэрей махуэм хэлъэт си напщIэ,
Бдзэмыщ1э Iуэхум сегъэпIейтей.
Пщэдейм хэль щэхуэм сыщIэмыупщIэ,
Си гущIэм ильыр тельщ уи сэтейм.

Дахагъэу щыIэм сыхуэнэсейщ,
Нобэрей махуэм хэлъэт си напщIэ.
Тхьэм усхуищIамэ хъыбарегъащIэ,
Хуэсакъыу гуауэр кьызэупсей.

Бэрэжьей гущэ дунейр мэщэIу...
Нобэрей махуэм хэлъэт си напщIэ,
Гулъытэ лейкIэ сыномыльэIу,
Спэщылъыр дыджми, эз умыпIащIэ...

Гупсысэ жьычу чэщей пшынальэр
Махъсымэ фальэу кьызозэщIей.
ДэпщIыпщIу слъагъум макъамэм
псалъэр,
«СылIэнущ» жысIэу сымыгужьей.

Нобэрей махуэм хэлъэт си напщIэ,
ЩIэльэт кьапщийуэ укъысхуоджэгу...
Зэгуэр нэджыджьим кьытещагъащIэм
И мащIэ мыхъуми кьилъхьэж си жьэгу.

* * *

Темыркъанхэ Б., Ю. я деж

Мащ1э-мащIэу, сымыпIащIэу
Дуней Iыхьэ кьысслъысар
ЗэлъыIусхыу щысхьэкI гъащIэм
И курыхым щыхэса
Хъуапсэ жылэр кьыщикIыкIым

Сысакъыпэу щIэскIэ псым
И кьежьапIэм техьэ-текIыу
Пшэху Iэрамэу щхьэщылъ псэр,
Тыншми гугъуми, схъумэжащи,
СырогуфIэр, ГуащIэр зей!
ЖызмыIэфым и фIыр - жэщым
Щ1ыхь-псынащхьэм щыдожей.

* * *

Уафэм къохри зы нур гуэр
Пкъым зыреугуашэ...
Сыкъэушым - зэман кIуэр
Кьысщхьэщытщ зэм гуащэу!

Си пшынальэм хэгуэша
Псэ къару сфIэкIуэщIыр
ЩIыр щилъагъум тезэша,
Хэпльэу езы гъащIэм?
СщIэркъым пэжыр. Хьэршыр зыщ!
Сыхоплъызэ куэдрэ.
Зэм зэгуокIри, Тхьэ сызыщI
Къару кьыспокIуатэ.

Лъэпкъ вагъуэ

I

Гупсысэ куэдым си фэм дахым
Къахэспщ1ыкIыжыр си хьэл-щэн
Уэрэду сиIэм я нэхъ дахэм
Ухыгъэу иIэр хэт ищIэн?

ДахащIэм фIыщIэ хэзмылъагъуэ!
Сэ псэкIэ гугъу сызыдехьам
Бгъурыкl-бгъурыхьэу декIуэкI
лъагъуэр
Вагъуэзэшиблым япсыхьащ.
А лъагъуэр уэжьхэм имыжагъуэм,
Къэзугъуеяр иремыкIуэд.

Къафэ-уэрэдыр зи шэщIыгъуэ
Пшынальэр лъэпкъым хузоIэт.

II

Сыпхудэплъейуэ гъащIэр сохь,
ИтIани сыкъыпхуэзгъэщIэщхькъым!
Щхьыщхъ уафэр нэкIэ къызосыхь,
Пщ1ыхь гъуэгущи, зым
схуегъэщхькъым.

Къудейр къудейуэ, згъуэтыр сошх,
Сыхэмыплъыхьу шхыным.
Уэрэдым нэсым - псэм и уэшх
Зэшыгъуэм кьехьыр стхынур.
Жызмыльэ щхьэкIэ, щхьэр соIэт,
СемыпгэгкIыу щIыхум!
Си гущIэм, сщIэжу, зы кьыхуэтщ...
Къыхуренэ дыгъэм щэхур.

Зи жэщи махуи зэпэсшэч,
Зи къуршыр хъэрэмэхъащэ,
Зи къафэр уафэм езышэкI
Си лъэпкъ, Тхьэм кьыпхупищэ!

III

Къафэ-уэрэдыр зи шэщIыгъуэ,
Вагъуэзэшиблым япсыхьа,
Гупсыси хъуапси зэдэщIыгъуу
Соплъэж уи тхыдэ зэхисхьам.

Соплъэжри, щицухэр щыуфафэм,
Фызабэ сфIэщIу согужьей...
Ежьур щесшажьэм си псэм фIэфIу,
Къуршыжьхэм я щхьэр дыражьей.

Сыхудоплъей а къурш щхьэмажьэ
Пщэдджыжь дыгъэпс зызукъуэдийм,
Мо хьэрш телъыджэм и зы лъащIэ
МазэщIэм щицIым лъабэдий!

ДахэжьIэлэм сыщошынэ...
Адыгэш палъэу сиIэ бзэ!
ПтесшащIэ бзэпсым дэпщIыпщI пшынэм
Нэрынэ защIэу хэпхъащ псэр.

* * *

Си гъащIэр пщIыхьу слъагъужат!
ИтIани сыкъыщIыушам
Си фIэщ схуэщIакъым слъэгъуа псор,
Гур куэдрэ щохъуэпсыкIыр псэм...
Жаншэрхъ-зэманым пигъэщам
Щыщ гуэрхэр Тхьэм
къыкъуигъэщат?..
Иджы згъэщIэнум и сурэт
Музыкэ защIэу си Iум итщ.
Гуузц а музыкэр, нэщхъейщ,
Гум къихьуэпсахэр псэм егъей...

* * *

СыкIэрыщIауэ сфIэкIуэдыж
Си гукъыдэж,
Уи ужьыр хуэщI дунейкъутэж,
Сыхэмыдэж...

Къысхудэшкъым си Iур зыс
ПсалъитIым яз...
Си уэнжакъым Iугъуэр ез
Иджы жэщ къэс.

... Гуфlэгъуэр Iугъуэм хыхьэжащ,
Сыдохъуэпсей.
Къыстепlэ зэш, къысхуэна жэщ,
Зэманыр зей!

* * *

Къигъахъуэ санэхуи
Гупсэхуу дегъафэ,
Диплъамэ мо уафэм,
МазэщIэр къэунэхуу!

МазэщIэ къэунэхум
Ди махуэр лъэзепсэу,
Удэшlэм дехъуапсэм -
Уэсэпсэр Iэпыхуу.

Гуфlэгъуэм и мащIэм
Ди гущIэр дэкIылу,
Зыгуэркlэ дыджалэм -
ЩIы щхьэфэр ди Iэщlу.

Уфафэу санэхур
Кьигъахъуи, дегъафэ,
ИтIанэ гупсэхуу
Кьыхэдзэ уэркъ кьафэ!

Кьыхэдзэ щиху гъыбзэ -
Уэркъ кьафэм и дахэр!
УэрэдкIэ згъэкъабзэ
Псэр схуищIу нэхъ махэ.

«Псыхэгъэм» и фащэр
Кьыщежьэ даущым
Кьытещхьэ нэхущым
ПыщIащ си лъэпкъ гъащIэр.

* * *

Уэрэдыпкъыу сэ кьэзгъанэм
Хэльщ си анэм и псэр,
И гупсысэр щылъщ аргьнэу,
Схуэзтелъхьэм кьабзэу.

А аргьнэм и лъэужьым
Шхий кьытенэм епщэу
ЛъапцIэрыщIэу тет акъужьым
ЖиIэфыр дапщэ!?

Сыубгъу гъуэгум дежэх псынэм
Щихур хоIущащэ...
Уэрэдыпкъыу сэ кьэзгъанэм
Ящыгъ цейр лъэпкъ фащэщ.

* * *

Нэхъыфlщ губжьым фэбжь
хэмыкIым...
УкIытэр зи хабзэ
Си лъэпкъ мащIэ, плъэкIа Iэджэ
Ноби тельщ ди набдзэм.

Уи шуудзэ дэшэсыкIыр
Уафэхъуэпскl хъужьыфу
Щыта пэтми, есэхъуэкIыу
Дэплъеякъым уафэм.

Ауэ вабдзэм дэлъ лъэхъыщу
ЩlепхьэкIа лъэхъэнэм
Кьыплъыса щIэпхъаджэм и цIэр
Хэт зыхужьIэнур?..

Щхьэщэ хуэщIкъым Iуащхьэмахуэ!
Къамэху бгъэбзэрабзэм
ЩIэлъэт шабзэм пылъэлъ сахуэр
ЛъэIэст уи бийм и псэм.

Къэнжал зауэм, бэлыхь куэдым
Пхырыпша пшынальэр
Къэсащ нобэ пфIэмыкIуэду,
Дахагъэр уи пщальэу.

ЛIыгъэм гуГэр и джэрыщIэу,
ФIыгъуэм пэхъун гуащIэ
ЛIэщIыгъуэжьхэм пхузыхащIэу
Упсэу, си лъэпкъ мащIэ!

Темыркъан Юрийрэ ХьэIупэ Джэбрэйилрэ.

Сокуров Александр, Урым Руслан, ХьэIупIэ Джэбрэйил сымэ.

● Дзэлыкъуэ щIынатъэ

Абы и гущIэм макъамэ щыIурт

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт «ЩIэныгъэ гуэдзэн щIрагъэгъуэт район центрым» мазаем и 12-м щIрагъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Щоджэн-цIыкIу Iэдэм къызэралъхурэ илъэсищ зэрырикъум ирырагъэхьэлIа, усэ къеджэныкIэ республикэпсо зэпеуэм и щIынальэ Iыхьэ.

ГУФIэГъУэ щIыкIэм иту къызэрагъэпэща Iуэхугъуэм хэтащ курыт еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэхэмрэ Дзэлыкъуэ щIынальэм хыхьэ жылагъуэхэм дэт библиотекэхэм щылажьэхэмрэ. ЦIыкIухэм я Iэзагъэр здынэсыр къэзыпщытэ гупым (жюрим) я унафэщIу щытащ щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и тхьэмадэ Къалэ Хьэзыр.

Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъахэм я пщэ къыдалъхьа къаланыр жэуаплиныгъэ пылъу зэрагъэзащIэр нэрылъагъут, апхуэдизкIэ ахэр цIыкIухэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъырти. Зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэм яп увыпIэхэр щыхуагъэфащэм, абыхэм нэхъ зытращIыкIэр ныбжьыщIэхэр усэ къеджэкIэкIэ къагъалъагъуэ Iэзагъэрат. ЦIыкIухэр сыт ищIыскIи хущIэкъуащ утыкум щагъэIу сатырхэм щIагъщIэлъыбзэщIэлъыр зыхуэдэр гурэ-псэкIэ зэрызыхащIэр къэгъэлъэгъуэным, ахэр я гум зэрыдыхьэр къызэхуэсахэм захегъэщIыкIыным. УсакIуэм и тхыгъэм къыщыIэт гурыгъу-гурыщIэхэр зыхуэдэр къедаIуэхэм я нэгу къыщIагъэуэну ныбжьыщIэхэр зэрыхущIэкъур пэшым щIэса псоми гъэщIэгъуэн ящыхъуат.

Усыгъэхэм нэхъ гъэхуауэ къеджахэм ящыщщ, зи ныбжьыр илъэси 6-9 хъу гупым яхэта, Совхозэнэ къуажэм щыщ Гэнгъэпщ Даянэ, илъэси 10-14 хъурэм я деж бжьыпэр щызыубыда, Къармэкъэблэ (Каменномост къуажэ) щыщ ХъуэкIуэн Инал, илъэс 15 -18 ирикъуахэм яхэту текIуэныгъэр къэзыхьа, Хьэбзэ жылагъуэ щыкIум щыщ Айтэч Эльвирэ.

ЕтIуанэ хъуахэщ, зи къеджакIэ пIейтейм къызэхуэсахэр гущабэ ищIа, Къармэкъэблэ щыщхэу: илъэси 6 - 9 ирикъуахэм яхэта Мэкъуауэ Ланэ, илъэси 10 - 14 хъурэм Мэкъуауэ Мадинэрэ Бейтыгъуэн Бесльэнрэ, илъэс 15 - 18-м нэсахэм ныбжьыщ Хьэсен сымэ.

ЩIэщыгъуэ икIи гукъинэж ящыхъуащ, нэхъ цIыкIухэм ящыщ, Хьэбзэ къуажэм къикIа Мамбэт Даринэ, илъэси 10 - 14 хъурэм кьахэжаныкIа, Къамылыкъуэ жылагъуэм щыщ Нэгъуей Даринэ, илъэс 15 - 18 ирикъуахэм я деж щытекIуа, Мэлкэ къуажэм къыдэкIа Даур Даринэ сымэ я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр. Абыхэм псоми ещанэ увыпIэхэр кьахьащ.

Зэхьэзэхуэм хэта псоми щIыхь тхьилъхэр хуагъэфащащ, текIуэхэм тыгъэ цIыкIухэмкIэ яхуэпэсащ. ЩIынальэ Iыхьэм яп увыпIэ къыщыгъэзыхьахэр республикэпсо зэпеуэм хэтынущ.

ЩОКЪУЙИ Алинэ,
Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIынальэм и администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапl эм и лэжьакIуэ.

● Фыщ Iэ

Нартандэсхэр дыхуэарэзыщ

«Адыгэ псалъэ» газетыр къэдгъэсэбэлу, Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ дехьэхъуну сыхуейт Нартан къуажэ администрацэм и унафэщIу иджыблагъэ хаха КIагъэ Валерэ. Ар зэрылажьэрэ зэман куэд дэмыкIами, къуажэдэсхэр хуабжьу дыхуэарэзыщ. Валерэ и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым и щIыхьэщ абы зэфIигъэкI лэжьыгъэ щхьэпэхэр.

НАРТАНРЭ Iэдиихурэ яку дэлъ лъэмыжьыр къутати, уикIыну шынагъуэт икIи абы цIыху щхьэха мызэмыпIэу къэхъуащ, фэбжь кьыхэзыхахэри щыIэщ. Езы Валерэ и нэIэм щIэту а лъэмыжьыр иджыблагъэ зыхуэй хуагъэзэжащ. Иджы цIыхухэр тыншу, шинагъуэншэу абы йокI.

Апхуэдэу къуажэ гъуэгуэхэм яIэ кумблIэмбхэр захуэ иригъэщIыжащ КIагуэм. Иджы цIыхухэми машинэхэми абыхэм тыншу къыщакIухь. КъищынэмыщIауэ, къуажэ кIуэцIым дэт кхъэхэр зыхуей хуэзэу иригъэгъэкъэбзащ. Уэрамхэм уэздыгъэхэр фIригъэдзащ, школакIуэ цIыкIуэр мышынэу пщыхьэщхьэм я унэ екIуэлIэжьыфын щхьэкIэ. Валерэ и адэ-анэми фIыщIэ яхудощI, гъэсэныгъэ, цIыхугъэ, адыгагъэ хэлъу я быныр зэрагъэсам папщIэ. Апхуэдэ цIыхум къыгуроIуэ ди гукъеуэр.

Къуажэдэсхэм къабгъэдэкIыу Валерэ махуэшхэм ирихьэлIэу дохъуэхъу зыхуэйм и Iэр техуэу, и узыншагъэр пэлъэщу, фIыкIэ цIыхухэр кьехъуэхъуу, и мурадхэр кьеХъулIэу псэуну, ехъулIэныгъэфIхэр иIэу и Iэнатlэм илъэс куэдкIэ пэрытыну!

КЪАНЫМГЪУЭТ ФатIимэ.
Нартан къуажэ

● Археологие

Пасэми щыIащ апхуэдэ

Лэжьыгъэ Iуэхукlэ Iэпхъуэшэпхъуэныр пасэ зэманыжьхэми щыIащ. Абыкlэ щыхьэту къоув археологэкIи. Италием и къалащхьэм дэт къэлъэхэжь зыбжанэм, I-III-нэ лlэщIыгъуэхэм къагъэунэхуахэм, щIытI лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIым, щIэныгъэлIхэм хьэдэ къупщхьэу 105-рэ къыщагъуэтэжащ. Археологхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, абыхэм ящыщу 8-р зейуэ щытахэр нэгъуэщI хэгъуэгуэхм къиIэпхъукIащ.

ЦIыхубзым ейуэ хьэдэ къупщхьэхэм яхэлъар зы закъущ. Псом япэу а Iуэхугъуэращ щIэныгъэлIхэр езыгъэупсысар, хьэдэ къупщхьэхэр зейуэ щытахэр лэжьыгъэ Iуэхукlэ мы щIыпIэм къихьауэ зэрыщытам.

«Мы гупым щыщу языныкъуэхэр Альп бгыхэм бгыхьэдэхащ, адрейхэр Африкэ Ищхьэрэм къиIэпхъукIащ, - жаIащ абыхэм. - Ахэр къуршылъэ щIыпIэхэм зэрыщIэсуар я къупщхьэхэмкIи зэхэдгъэкIащ, я дзэхэмкIи къритIащ».

ШIэч къыщIытепхьажьыни щымыIэу, Урым къэралыгъэжьым и курыхыу щыта Италие хытIыгуныкъуэм, адрей къэзыхъуреихь хэкуэм елъытауэ, а лъэхъэнэм куэдкIэ нэхъ псынщIэу зижьыр. Абы къыхэкIи, а щIыпIэр лэжьакIуэхэми нэхъ хуэныкъуэт... Арагъэнущ, нэгъуэщI хэгъуэгуэхм къикIа цIыхухэр лэжьыгъэ Iуэхукlэ империеим къакIуэу щIыщытар.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Мини-футбол

ШколакIуэхэм я ехъулIэныгъэ

Бахъсэн щIынальэм хыхьэ Кыщпэк къуажэм дэт школым щагъэлъэпIащ мини-футболымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIа еджакIуэхэр. ГуфIэгъуэ зэхьыхьэм кърихьэлIаxэщ къуажэдэсхэр, мини-футбол спорт лIэужьыгъуэр фIыуэ зыльъагъуэхр.

КРАСНОДАР крайм хыхьэ Ейск къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIынальэм и щIыпIэ 12-м икIахэр. Кыщпэк къуажэм щыщхэу республикэпсо зэпеуэхэр къэзыхьахэм зэфIэкI лъагэ яIэу зыхэхуа гупым зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи етIуанэ увыпIэр яубыдащ.

ЕхъулIэныгъэшхуэхэр дяпэкIи зрагъэхъулIэну щыгугъыу, хъуэхъу псалъэхэмкIэ еджакIуэхэм захуигъаззмэ и гуапэу зэIущIэм къыщыпсэльащ щыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Бэч Алик. Абы и псалъэм къыхиригъэщащ еджакIуэ цIыкIухэм фIыщIэ зэрахуищIыр, а цIыкIуэхэр къызыдэкIа къуажэм и мызакъуэу, Къбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр урысейпсо утыкум екIуу зэрыщащхьамам. Школым и унафэщI Балъкъэр Дадусэ ехъулIэныгъэ къэзыхьа сабийхэм фIыщIэ яхуищащ икIи еджапIэм къыбгъэдэкIыу саугъэт лъапIэхэр яритащ.

ЗэIущIэм и кIэуэ текIуа сабийхэм я цIэкIэ гуп зэщIэзыIэтэ макъамэхэмкIэ, уэрэдэхмкIэ гъэнщIа концерт ягъэлъэгъуащ.

АБАЗЭ Лерэ.

Диспетчер нэхъыфI Къардэн Нинэ

КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум щекIуэкIащ «Диспетчер нэхъыфI» еплъыныгъэзэпеуэ.

АБЫ ХЭТАХЭР пэлъэщащ къалэн кьыщащIа псоми. Зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Шэрэдж районым и МафIэс часть №98-м и диспетчер Къардэн Нинэ. Май къалэм и МафIэс часть №6-м и диспетчер Бардош Аллэ етIуанэщ, Аруан районым и Старэ Шэрэдж къуажэм и мафIэс часть №21-м и диспетчер Гъуклэжь Тимур ещанэ увыпIэр лъысащ.

Къардэн Нинэ мафIэсым зыщIыхьымэнымкIэ Iэнатlэм диспетчеру 2003 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Илъэсищ и пэкIэ апхуэдэ зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ, иджы ар пашэщ.

- Ди лэжьыгъэр жэуаплиныгъэ зыпылъщ. МафIэс къызэрыхъуамкIэ хьыбарыр къытIэрыхьа нэужь, диспетчерым и унафэм куэдкIэ елъытащ плъэр гупыр я къалэным зэрыпэлъэщынур, - жеIэ Къардэн Нинэ.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум и пресс-Iуэхущ Iапl эм.

Сабийхэми адэ-анэхэми я дзыхь ирагъэз

● Гъэсэныгъэ

Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ Ащнокъуэ Мухьэмэд и гъэсэнхэм ягъуэзу.

Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ Ащнокъуэ Мухьэмэд и гъэсэнхэм я ныбжьыпIэхэр яубыдауэ къокIуэлIэж.

МУХЬЭМЭД Спортымкlэ сабийныбжьыщIэ школым и тренерщ. Абы быдэу и фIэщ мэхъу гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм цIыкIуэхэм спортыр Iэщ1ыб ящыным зэранышхуэ зэрыхэлъыр, Iэпкъ-лъэпкъыр зэрыщIыжыр. Аращ, Ащнокъуэр зэпымыуэрэ сабийхэм ядолажьэ, пщэдджьыжь къэс стадионым иту урохьелIэ. Ар тфIэгъэщIэгъуэну, нэхъыжьыфIыр зэдгъэцIыхуну, и гъэсэкIэр зэдгъэлъагъуну я зи чэзу зыгъэсэныгъэм зредгъэхьэлIащ.

Езым теухуауэ абы зыри тхужегъэIакъэш.

- Ар щхьэщытхъуагъщ, хабзэми къекIуркъым, езы цIыкIухэм епсалъэ, абыхэм я екъулIэныгъэхэм тетхыхьи нэхъыфIщ, - кьыджиIащ Мухьэмэд.

Сабий стадионым цIыкIуэр куэду итщ, адэ-анэхэр я бынхэм ежьэу лъэныкъуэкIэ щызэхэтщ.

- Си щхьэкIэ си быныр Мухьэмэд хуэдэ гъэсакIуэ зэрыIэрыхьам хуабжьу сыщогуфIыкI, - жеIэ Тенджыз Ася. - Ащнокъуэм и хьыбарыфI къекIуэкIыну зэхэтхырт, и гъэсэнхэм сытым дежи екъулIэныгъэхэр яIэу, хабзэ яхэлъу игъасэу жаIэрти, дыкъыкIэлъыплъыззащ. ИкIи дыкъыщIегъэжакъым. Сабийр и щхьэ кIэлъыплъыжу, илэжьамкIэ жэуап ихьу, щыпкъэу, зэпIэзэрыту егъасэ. Гу зылъытIаращи, цIыкIуэм гъэсакIуэм жиIэжр хъарзынэу зэхалъхьэ.

- Дэрэ Ащнокъуэм и цIэр фIыкIэ ирагъуэу, и щытхъу зэхэтхати, дыкъэкIуащ, - псалъэмакъым къыпещ Жбгун Ланэ. - ЩIалэ цIыкIур илъэсибл хъуауэ кьыщыштыам, тIэкIу гъэфIагъэ, щхьэхынэу апхуэдэт. Мазищ щыдэкIам къыпхуэмыцIыхужыну зихъуэжат, и хьэлкIи, и щытыкIэкIи, и тепльэкIи, и еджэныкIи фIы и лъэныкъуэкIэ зижьащ. Ялэм пщэдджьыжьым къэбгъэтэджам папщIэ хъарууншхуэ ухуейт. Иджыпсту езыр-езыру къыщIопъэт, псынщIэу зегъэхьэзырри, унэм къыщIокI. Гуапэ тщохьу ар гъэмахуэми ди сабийхэм къаззрыдэлажьэр. Абы щхьэкIэ абы упахуэ къратыркъым, цIыкIухэр Iуэхуншэу уэрамым димыгъэтын, мазибгъум къриубыдэу зыхуигъэсар яIэщIэмыхужькIи папщIэ яхэтщ. Ди зэманым апхуэдэ къыпхуэзыщIэн куэд щыIэ?! И гущIи и зэманри зытригъэкIуадэ сабийхэм я екъулIэныгъэм Мухьэмэд и цIэр фIыкIэ ягъэIуну си гуапэщ.

Урыс Радимэ зэрыжиIэмкIэ, Ащнокъуэ Мухьэмэд и фIыгъэкIэ сабийхэм я гъэсэныгъэри нэхъыфI хуауащ, жэуаплиныгъэри зыхащIыу щытщ. Абы и псалъэхэм кьызэрыхущамкIэ, Ащнокъуэр фIы дэдэу щыгъуазэщ дэтхэнэ и зы гъэсэнми и Iуэху зыIутым, апхуэдизу ныбжьыщIэр зыхэтыну зэхьэзэхуэм хуэмыхьэзыру гу лъитамэ, игъэкIуэнукъым, ар абы и узыншагъэмкIи и психикэмкIи зэран хуэхъуну кьелъытэри.

- И гъэсэнхэм я закъуэкъым ар щапхъэу къэзылъытэр, адэ-анэхэри дызэкъуигъэуващ, абы и дуней тетыкIэр гIуазэ тхуэхъущ, - жеIэ Радимэ.

Мухьэмэд теухуауэ псалъэ гуапэкIэ я мащIэтэкъым абы и гъэсэнхэми.

- Сэ илъэсибгъу сохъу, Мухьэмэд деж сыкъызэрыкIуэрэ илъэсым нэблагъащ, - жеIэ Жбгун Iэдэм. - Зы тренировки зэрыблэзмыгъэкIым сыхущIокъу, ди гъэсакIуэм жиIэ псори зэрызыхэслъхьэным иужь ситщ. Сэ сыхуейщ Мухьэмэд ди текIуэныгъэхэмкIэ дгъэгушхуэну.

Урыс Азрэт илъэсий хъууэ аращ. И ныбжьыр мащIэми, балигым хуэдэу мэпсалъэ:

- ЗыкIи гъэугуанэр кьызэмыхьэлъэкIыу Ислъэмей сыкъыкIыупрэ сыкъокIуэ Мухьэмэд дех. Мыбы къекIуалIэхэр псори зэкъуэшым хуэдэу дызэхущытщ, зыр адрейм дыдоIэпыкъу. Сэ сыщIохъуэпсе чемпион сыхъуну. Дуней псом къэдгъэщтекIуа Махуэ Билал Мухьэмэд и гъэсэну щыгащи, дэри апхуэдэ екъулIэныгъэшхуэхэр кьыхуэтхьыну дыщIохъуэпс.

Спортым и закъуэ мыхъуу, дуней тетыкIэм, хабзэм, псэукIэм, напэм, цIыхугъэм щIэблэр хуэзыгъасэ нэхъыжь щэджащэм узыншагъэ быдэ иIэу, и щIыхьым хэхъуэу, и Iэщ1агъэм и хьэр илъагъуу псэуну ди гуапэщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Сэмэгумкlэ щытыр Къамбий Аслъэнщ.

● Дзюдо

Къамбийм текIуэныгъэр Iэщ1окI

Австриемрэ и Оберварт къалэм мы махуэхэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ Европэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ зэIуха. Абы ирихьэлIащ къэрал 48-м щыщ спортсмен нэхъ лъэщу 240-рэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыбэнащ Къамбий Аслъэн. Килограмми 100-м щIигу зи хьэлъагъ ди лъэпкъэгъуэ ерыщагъэр Iэзагъ лъагэрэ къигъэлъагъуэурэ, и хьэрхуэрэгъу спортсмен цIэрыIуэхэм зы Iэмали яримытурэ, зэIущIэхэр и кIэм нимыгъэсу къафIихьащ.

Финалым абы къыщыхуэзащ Азербайджаным и лIыкIуэ Кокаури Ушангри. ЗэпэщIэтыныгъэр жыджэру къыщIэзыдза Къамбийм зымащIэкIэ и кIэн къикIакъым. Очко бжыгъэкIэ япэ ит ди спортсменыр зэрыбгъэрыгъащ Ушангри занщIэу къыгъэсэбэпащ икIи иппонкIэ ди лъэпкъэгъур идзри, текIуэныгъэр кьыфIихьащ. Къамбий Аслъэн дыжьын медалыр кьылъысащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

И насып къэкIуэгъуэт

● Дэ къытхуатх

Махуэр пщыхьэщхьэхуэкIуэ хъууэ Хьэмзэт и шыр Алик кьыжьэхихуэри, шурылъэ дэдэгуну кьыхуриджащ. Хэт ищIэнт а дакъикъэм Хьэмзэт и ажалыр къэсыну?! НапIэзыпIэм пшэ фIыщIэкэр уафэм къытрихуащ, зэуэ къэIуа макъышхуэм мэлхэр щыхуакIуэ къуэр игъэзджызджащ, щыблэм Дукъуэ Хьэмзэти ар зытеса шыр зэшзэзэпIэ ищIащ. Алик зытеса шыр иукIащ, ауэ езыр жьжьэу зэрыуидзам и фIыгъэкIэ кьелат. Абы Тхьэм кьыхуиуха пIалъэр къэсатэкъым...

Зэман дэкIри, Алик дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ. Ар япэщIыкIэ Владикавказ къалэ яшащ, иужькIэ Афганистаным ягъэкIуащ. Псэ зыпылъхьэпIэт щIалэр зыIуувар, абы щекIуэкIыр зыщIэ адэ-анэми ар гуныкъуэгъэшхуэу яIэт.

Къупкъу щIэным пэрыуба Джатэжьейм щIэх-щIэхыуэ письмо кьитхырт, къэзылъхуахэм ягу зэримыгъэныкъуэным яужь итт. Нэпс мащIэ щIигъэкIыртэкъым анэ тхьэмыщIкIэм. Зэщхьэгъуэсэхэм я щIалэр кахухуымэну Тхьэм елъэIу зэпытт, арщхьэкIэ къахуищIакъым.

1988 гъэм и щIышылэ мазэм хъыбар гуауэр кьаIэрыхьащ унагъуэм. Джатэжьейхэ я мызакъуэу, зэрыкъуажэу игъэнэщхьеящ зи насып къэкIуэгъуэ, зи псэугъуэ щIалэм ажалым гущIэгъу кьызэрыхуимыщIам.

Алик и унагъуэм зэращымыгъупщам хуэдэу, и ныбжьэгъуэмрэ фIыуэ къэзылъагъуу щытахэмрэ ягу илъ зэпытщ. Абы и сабиигъуэр щигъэкIуа къуажэбгъуэм и деж щыIэ топ джэгупIэм деж и фэеплъ сыщыхуагъэувыжащ.

Зэманыр псынщIэу макIуэ, илъэс 28-рэ мэхъу Алик кьызэрытхэмытыжрэ, апхуэдизу щыхъукIи нобэр кьызэдэсым Джатэжьейхэ я унагъэр ябгъэнэркъым я щIалэм и гъусэу къулыкъу зыщIа Хужькочуэ Ибрэхьим, и кьуажэгъу, и ныбжьэгъухэу Дыщэкlхэ Ахьмэдэрэ МуIэердэ, Хьэтlэхъуэ Славикрэ Заурбийрэ, нэгъуэщIхэми.

Алик зытеса уэрамым и цIэр фIащыжащ. ЩIалэщIэм армэм кьыщигъэлъэгъуа лIыгъэм кьыпэкIуэу «И хахуагъэм папщIэ» медалымрэ «Вагъуэ плъыжь» орденымрэ кьыхуагъэфащащ.

Джатэжьей Алик и дуней тетыкIам Инарыкъуей кьуажэр дрогушхуэ. Апхуэдэ Iэ щIыпIэкIэ ди щIалэгъуалэм Тхьэм дяпэкIэ зыри кьыхимыгъэIэбэ.

ХЪУМБЭЗЗР Рашид,
Инарыкъуей къуажэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖЬэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщI Иза.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэм-кIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; суэтэхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Чэрим Марьянэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4, 5-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмат *(1, 2, 6-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбэчыр Анжелэ, Бецто Оксанэ, *суэтэхэм елэжьар* Биц Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.010 ● Заказ №223